ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПШКІУ

АДЫГЭ ХЕКІЫНЫГЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№№134-135 (21.043) ● 2007 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 14, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 6-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Козак Дмитрий иригъэкІуэкІа зэІущІахэм Къанокъуэ Арсен хэтащ

УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэр Ипщэ федеральнэ округым щыІэ Козак Дмитрий бадзэуэгъуэм и 12-м Москва щригъэкІуэкІащ Кавказ Ищхъэрэм и щыналъэхэм инвестициэхэр къыхуэзыщІэгъэуІуэным пыщІа Іуэхухэм щыхэплъа зэІушІэ.

АбыІ зэрыжиІамкІэ, «Урысыем Ипщэ» (2008 - 2012 гъэхэм) Федеральнэ программэ хэхар гъэзэщІэным трагъэкІуэдэн папщІэ УФ-м и бюджетым кІыхэкІыу сом мелард 52-рэ къаІэрыхьэнущ. Иджыпсту программэр зэхэгъэувэн яух. Ялэхэм апхуэдэ программэхэр гъэзэщІэным гъэ кІэс къэралым тригъэкІуэдэфу щытар сом мелард 2 - 2,5-рэ хуэдизщ. Иджы Кавказ Ищхъэрэм щыІэ щыналъэ кІэс хуэзэу ильэсым сом мелард 10 - 12 къаІэрыхьэнущ.

Иджыпсту лэжьыгъэшхуэ ирагъэкІуэкІ Урысей Ипщэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм и стратегиер зэхэлъхьэным, ди щІыналъэхэм инвестициэхэр кІахуэзэщІэгъэуІуэным хуэунэтІауэ. А лэжьыгъэм къыригъэжьу утыку къыщыригъэхьэнущ мы гъэм и фокІадэ маззм зэхьыхьэну «Кубань-2007» дунейпсо экономикэ зэІущІэшхуэм.

А махуэ дыдэм Козак Дмитрий иригъэкІуэкІащ Ипщэ федеральнэ округым щыІэ социально-экономикэ щытыкІэр егъэфІакІуэныгъэ пыщІа Іуэхухэмкіэ комиссэм и зэІущІэр. Абы щыхэплъащ мы комиссэм нэхъапэм къищтауэ щыта унафэхэр зэрагъэзащІэм, егъэджэныгъэ ІэнатІэм щекІуэкІ зэхъуэкІыныгъэхэм, Ипщэ федеральнэ округым и щІыналъэхэм я еджапІэхэм ядэлэпкъуным. Комиссэм и зэІущІэм апхуэдэу щытепсэлъыхьащ псэупІэхэр зэІуэным, уиІэ ныкъуэкъутэхэм щІэс унагъуэхэр псэупІэкІэ кІыхьэгъэпэщыным, фэтэр куэд хъу унэхэр капитальнэ зэгъэпэщыжыным, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и ІэнатІэм реформэ щегъэкІуэкІыным, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іуэхущ1апІэхэр 2007 - 2008 гъэхэм я бжыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зэрылажьэнym хуэгъэхьэзырыным.

А зэІущІэхэм щІэсащ икІи абыхэм кІыщІэлэта Іуэхухэм ятекухуэу ежьэсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент **Къанокъуэ Арсен.**

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1анІэ.

●КъБР-м и Парламентым

Іуэху куэдым толсэлъыхь

Ди газетым зэрытетащ, бадзэуэгъуэм и 10-м КъБР-м и Парламентым и Унэм республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ и органым и зи чэзу зэІущІэ щекІуэкІащ.

АбыІ и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 **Бечелов Ильяс,** абы и къуэдзэр, КъБР-м и Правит ельствэм и Унафэщым и апэ къуэдзэ **Тхьэзэпытых Муат,** Президентымрэ Правительствэмрэ, хабзэхъуэм ІэнатІэ хэм я лІыкІуэу Парламентым щыІэ **Къуэшырокъуэ Зальм,** КъБР-м и Конституцэ судым и Унафэщ1 **Геляжов Абдуллэхь,** КъБР-м финансэмкІэ и министр **Бышэн Азрэт,** КъБ Р-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министр **Мусуков Алий**, КъБР-м и прокуроры и дэІепыкъуэгъу нэхъыжь **Мозаевэ Ксения**сымэ.

ЗэІущІэр кІыхьэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ **Бечелов Ильяс.** Абы ящ кІыхьилъхьа Іуэхугъуэм, КъБР-м и Парламентым и депутат Крамаренко Виктор и депутат кІалэнэкэр щхьэщыхьным теухуауэ, арэзы техІыкІу зэІущІэм кІэрихьэлІахэр. Апхуэдэуи Парламентым щІэуэ хагъэхьащ «Зыуэ щыт Урысей- политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ кІудамэм кІыгъэтэгъуа Дзыгъуанэ Сэхьидэ (Нарткъалэ дэт «Телеавтоматика» ОАО-м и генеральнэ директорщ) -Урысейм и аграрнэ парт- политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ кІудамэм кІыгъэтэгъуа Хуламханов Елизаветэрэ (АПК-м и лэжьакІуэхэм я профсоюзым и реск омым и унафэщым и къуэдзэ).

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 Ярин А.В. хуэгъэза парламент упщІэм и Іуэхукі э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Іуэхукі э» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 39 статьям ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 Ярин А. В. хуэгъэза парламент упщІэр къэщтэн (мы унафэм щІыгъуэ).

2. Мы Унафэмрэ ищхьэмкІэ кІыщыгъэлъэгъуа парламент упщІэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 Ярин А. В. хуегъэхьын.

3. Мы Унафэм кІары егъуэт кІыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1
БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2007 гъэм мэкъуаугъэуэм и 28-м
№1179-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2007 гъэм мэкъуаугъэуэм и 28-м къыдигъэкІа Унафэ №1179-П-П-мкІэ къыщитащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 Ярин А. В. хуэгъэза парламент упщІэ

Республикэм и тафэхэмрэ бгы лъапэхэмрэ накъыгъэм и гтІуанэ Іыхьэм зэи хуэмыджу хуабэ икІи уэгъу щыхьащ, накъыгъэм и 28-м щыщІэдзауэ щІыр гъущыпащ, мэкъуаугъэуэм и 18-м ирихьэлІэу псори дыгъэм исыжныныкІэ щынагъуэ къыкъуэкІащ. Махуэм хуабэр градус 25-м щІигъурт, ящыныкъуэхэм деж градус 34 - 36-м щынэс къхъурт. Метр 0,1 кууагъым хуэзэу щІыр градус 26 - 30-м нэсу къэплъырт, абы къыхэкІыу вапІэхэр вабдзэр здынэсым нэс псы лъэпкъ щІэмытыжу гъущащ.

Апхуэдэу уэгъу зэпыту махуэ 30-кІэ екІуэкІащ. Абы къыхэкІыу хьэцэпэцэр кІыщыгъагъэ, хьэдзэ щрищІэ зэманыр лъэхъэнэ гугъуэм хуэзащ. КъыгъэкІуэкІэ я лъабжьэр гъуащ, щхьэмыжжэм я нэхьыбэм напІэ 13 - 18 нэхьыбэ ямыІэу, абыхэмэ я процент 50-р нэсщІу къэнащ. Хуабэм къэкІыгъэхэр псынщІэу зэригъэгъуам къыхэкІыу хьэдзэхэр жьгъейуэ къэнащ. Мэкъуаугъэуэм и пэщІэдзэм уэшх къешха щхьэкІэ, къэкІыгъэхэм зыкъаужьыжакъым.

Мэкъуаугъэуэм и 24-м къыкъуэуа жьапщэшхуэм гъавэм щыщ куэд ирикъуьащ, ухуэныгъэ щхьэхуэхэр, электричествэ зрикІуэ линэхэр зэтрикъутащ.

Дунейм и щытыкІэм и зэранкІэ хьэцэпэцэ къэкІыгъэхэм къытраха ирикъкІэ мащІэщ, абы къыхэкІыу кьрахьэлІэжа гъавэм къахущІэкІыжьынукъым ар гъэкІыным трагъэкІуэдар.

Дэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр, икъукІэ дегъэгуэвэ республикэм и агропромышленнэ комплексым щыІэ хъуа щытыкІэм икІи къыдольитэ мэкъуэмэ ІэнатІэм пэрытхэм къэралым заущІэкъэхуэн, зэрыдэІэпыкъуфыну щІыкІэр убзыхун хуейуэ.

● Дыгъуасэ

Козак Дмитрийрэ Сыдорук Иванрэ.

Къалэн пэхъыщхьэхэр

Урысей Федерацэм и Прокурор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Сыдорук Иван и унафэм щІэту Налшык Правительствэм и Унэм щекІуэкІащ Ипщэ федеральнэ округым и щІыналъэхэм я прокуратурэхэм 2007 гъэм и янэ илъэс ныкъуэм зэфІагъэкІахэм икІи хабзэр гъэбыдэныкІэ лэжьыпхъэхэм теухуа зэІушІэ.

АбыІ хэтащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэр Ипщэ федеральнэ округым щыІэ **Козак Дмитрий,** Урысей Федерацэм и Прокурор нэхъыщхьэм и къуэдзэ **Кехлеров Сабир,** УФ-м и Генеральнэ прокуратурэм Ипщэ федеральнэ округым щиІэ Іуэхущ1апІэ нэхъыщхьэм и унафэщІэхэр, щІыналъэхэм я прокурорхэр, Ипщэ транспорт прокуроныр.

ЗэІущІэм доклад щищІащ Сыдорук Иван. Илъэс ныкъуэ лэжьыгъэм кърикІуаэхэм я гугъу щищІым, абы къигъэлъэгъуащ округым и прокуратурэхэм я лэжьыгъэм хэлъ екъулІэныгъэхэри щыщІэныгъэхэри. Апхуэдэу Урысей Федерацэм и Прокурор нэхъыщхьэм и къуэдзэм жиІащ Іуэхур зэхэзыгъэкІ комитет кІыхэгъэпэщым, абы и лэжьыгъэр зэтеухуэн папщІэ Урысей Федерацэм и Прокурор нэхъыщхьэм кІигъэува кІалэнхэр фІэкІыпІэ имыІэу щІыналъэ псоми щагъэзэщІэн зэрыхуейр.

УАРДЭ Жантинэ.



ЗэІущІэр щекІуэкІым.
Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан***трихащ.*

ЗэІущІэхэр ■ Щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ ■ Фэеплъ

КЪЭБЭРДЕЙ

ТВ, радио нэтынхэр ■ Щбэт кьыдэкІыгъуэ ■ Малъхъэдис

ЗэрыпхимыгъэкІынур ящІэми...

США-м и конгрессым лІыкІуэхэмкІэ и палатэм Іэ щаІэтащ американыдзэхэр 2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу Иракым къарыщыным теухуауэ.

Ауэ ар идэркъым президент Буш Джордж. ИпэІуэкІэ абы жиІат Иракым теухуауэ палатэм сыт хуэдэ унафэ къищтэми зэрыпхимыгъэкІынур. Арщхьэкіэ а псалъэхэр зыкІи зэран хуэхъуакъым. ІэІэтым кърикІуахэм. Абы къехьилъхьауэ США-м и президент хэхынытхэхэм зыхуэгъэхьэзырыным пыщІа Іуэхухэм ипэжыпІэкІэ зэрыщыщІадзар.

МахуитІ и пэкІэ езы президент администрацэм игъэхьэзыращ Иракым теухуа доклад. Абы къыхощхьэхукІ американхэм Иракым зы ехьулІэныгъэ гуэри ІэнатІэ поэми къызэрыщамыхьар.

А къэралым щыщыІэ щытыкІэр хуабжьу зэрытКІийм щыхьэт тохъуэ иджы дыдэ къата хъыбарыр: Рейтер агентствэм и репортеритІ хэкІуэдащ уэрамым къыщыхъуа зэхэуэм. Псори зэхэту США-м Иракым зауэр зэрыщыІэхэм тублэрэ щыкІащ журналисти 100-м нэблагъэ.

Бразилиеми егъэкъуаншэ

Бразилием и прокуратурэ нэхъыщхьэм мелардырыбжэ Березовскийр Борис ягъэтІысыну хуит зыщІ ордер хабзэхъумэхэм яритащ.

Ар ягъэкъуаншэ къэралым и футбол командхэм ящыщ зыр къигъэсэбэпу хьэгъащагъэ ин дыдэхэр зэрилэжьамкІэ. Апхуэдэ щхьэусыгъуэкІэ Березовскэм хуодзэлашхэ Европэм щыщ къэрал зыбжани.

Сакъылэту ятыну?

ШаІэ кІыхь хъуауэ Мурманск къалэм и 37-м, къухьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 49-м.

◆Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакъикъэ 12-рэ.

Бадзэуэгъуэм и 15, *тхьэмахуэ*

◆ Металлургым и махуэщ. 1957 гъэм къыщыщІэдзауэ бадзэуэгъуэм и ещанэ тхьэмахуэ махуэм ягъэлъапІэ.

◆Илъэс 90 и пэкІэ (1917 гъэм бадзэуэгъуэм и 15 - 25-хэм) Уфа губернэм и Бирск къалэм щекІуэкІащ мари лъэпкъым и ятІэ урысейпсо съездыр.

◆ Илъэс 85-рэ и пэкІэ (1922) къызэрагъэпэщащ Японием и Коммунист партыр.

◆Урыс тхакІуэ Чехов Антон (1860 - 1904) и фэеплъ махуэщ.

◆Илъэс 30 и пэкІэ лІащ совет тхакІуэ, СССР-м и АН-м и академик, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь, СССР-м и ТхакІуэхэм я зэгъуэхэныгъэм и унафэщІу щыта (1971 - 1977) Федин Константин (1892 - 1977).

◆ Дыгъэр къыщІэкІынущ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 38-м, кьухьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 48-м.

◆ Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакъикъи 10-рэ.

Мы махуэм

Бадзэуэгъуэм и 14, *щэбэт*

◆Франджы Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - Бастилиер къыщащта махуэщ (1789).

◆Иракым и лъэпкъ гуфІэгъуэщ. 1958 гъэм екІуэкІа революцэм и саулыкъукІэ ягъэлъапІэ.

◆ Илъэс 65-рэ и пэкІэ (1942) ГКО-м и унафэкІэ бгъэхэІу дамыгъэхэр кьрагъэжьащ.

◆Кельн (Германие) щекІуэкІынущ азербайджанхэм я дунейпсо конгресс.

◆Илъэс 405-рэ и пэкІэ къалъхуащ франджы къэрал лэжьакІуэ, кардинал Мазарини Джулио (1602 - 1661). Абы хуэзэфІэкІащ Европэр Франджым и политикэ тещэныгъэм щІигъуэвэн.

◆Дыгъэр къыщІэкІащ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ

Бадзэуэгъуэм и 16, *блыщхъэ*

◆Бадзэуэгъуэм и 16 - 22-хэм Мадрид (Испание) щекІуэкІынущ дэгухэм я дунейпсо федерацэм и 15-нэ конгрессыр.

◆Илъэси 150-рэ и пэкІэ лІащ франджы усакІуэ Баранже Жан Пьер (1780 - 1857).

◆Псэужамэ, илъэс 85-рэ ирикъунут къэбэрдей тхакІуэ, бзэ щІэныгъэлІ КІэрэф Мухьэмэд (1922 - 1993).

◆1940 гъэм кьалъхуащ гъуэжджэм и лэжьакІуэ, КъБКъУ-м и профессор Мэлбахъуэ Борис.

◆ Дыгъэр къыщІэкІынущ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 39-м, кьухьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 48-м.

◆Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакъикъи 9-рэ.

Подготовил зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и цІэр фІащ

АДЫГЕЙ. *Республикэм и къурш нэхъ льагэхэм (метр 3092-рэ) ящыщ зым щыналъэм и президент ТхьэкІумащІэ Аслъэнджэрий и цІэр фІащащ. Ар зи жэрдэмыр Адыгейм Туризмэмрэ курортхэмкІэ и комитетырщ.*

МЫ МАХУЭХЭМ къуршым дэжьа экспедициэм хэтащ Мейкъуапэ администрацэм, щІыпІэ МЧС-м, хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм я лэжьакІуэхэр. Ар теухуауэ щытащ Тхьэкіумащ1эр Аслъэнджэрий кьыз эральхурэ ильэс 60 зэрырикъум. Бгым дэкІаХэм Урысей Федерацэмрэ Адыгеймрэ я ныпхэр абы и щыгум щыхатІащ.

Къуажэр ирагъэІэпхъукІ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Республикэм и президент Батыев Мустэфа щІыбдагъэ Черкесск щыІушащ Урысей Федерацэм зыхьумэжьныгъэмкІэ и министр Сердюков Анатолий икІи ахэр тепсэлъыхьащ Инжыджх куейм и кьыщыІэрагъэпэщ танк полигоным УФ-м ІэщІэкІэ ЭэщІэуэдэ и Кьарэхэм я дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ. Абы кьыхэкІыу ухуэныгъэхэр щІыпІэм зэрыщекІуэкІымкІэ мыарэзы кьуаждэсхэр езыхэр щІыпсэуну нэхъ кьащтэ щІыпІэхэм ягъэІэпхъуэнущ, ахьщэ компенсацэхэри иратынущ.

А унафэм арэзы тохъуэ езы кьуажэдэсхэри. Сыту жыпІэмэ, ахэр ахьшэшхуэкІэ мэгуГъ, республикэм и кьалащхьэм нэхъ пэгъунэгъуэ Іэпхъуэмэ нэхъ кьащтэ. Сердюков Анатолий Кьэрэшей-Шэрджэсым и унафэщІыр къигъэгубащ щыхуэр арэзы ищІыну , зыхуейхэмкІи ядэІэпыкьуну.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙОлег.

Нэлшык и администрацэм пубзыхуаш пэкІухэмрэ пикетхэмрэ щрогъэкІуэкІ хъуну щІыпІэр

Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым фІэфІу Урысейм зэрыхьыхьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъур щагъэлъэпІэнym ирихьэлІу Налшык кьалэ округым и уг ихэхящхьэ псори зэрызэрагъэпэщыжым кьыхэкІыу, пэкІуэр щрагъэкІуэкІ хъун щІыпІэу кьалэм и администрацэм нубзыхуащ Налшык-20 автомобиль гъуэгум и гъунэр. Абы теухуа зыхуэфащэ унафэм Іэщ1идзащ администрацэм и Іэтащхьэм и кьалэнэкэр зыгъэзащІэ Хьэмгъуокъу Леонид. А унафэм кьызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, 2008 гъэм щыщыІэм и 1-м нэсыху пэкІухэмрэ пикетхэмрэ нэгъуэщІ щыпІэхэм щрагъэкІуэкІыну хуит щыІыкъуну.

Нэлшык кьалэ округым и администрацэм и пресс-Іуэхущ1анІэ.

● Нэлшык

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Нэлшык кьалэ щыщсэуэхэм абы и хьэщІэ хэми гу зэрылъатащи, нужьрей зэманым республикэм и щыхьэныгъэ зэгъэпэщыжыныгъэ дэжьыгъэхэр щокІуэкІ. Псом хуэмыдэу щІэныкъуэкъуэ я Іуэхум нужь щІитыр фокІадэ маззм и 7 - 9 махуэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгъэхьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъур Іэтауэ ягъэтъэпІэнущи араш.

ЗЫХУЕЙ хуагъазэхэм ящыщщ кьалэ дыхьэпІэхэр, фэеплъ сынхэр, гъуэгуэгъэ, кьалэ паркыр, унэ щыбжьмэ щІэрыщІэу сэку тракІэ. Махуэшхуэм ирихьэлІэу ухуэныгъэщІэ зыбжани хьэзыр хъунущ.

Мы зэманым кьару куэд хуэзащІагъэуІуащ ХьэтІэкъуащокъуэм и хадэ ихьэпІэм деж щыт МафІэ мыужьыкІым и Іэгъуэблагъэр гъэщІэрэщІэным. Сурэтым щыщІэдытагъу абы и ипщэрабгъу гъэныкъуэмкІэ иІэ лъэс гъагъэр зыхуей зэрыхуагъазэр. Апхуэдэ лэжьыгъэхэр паркым и щІыпІэ псоми щекІуэкІынущ.

Iуэху куэдым тепсэлъыхьащ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Парламентым и лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымкIэ, регламентымкIэ, депутат хабзэхэмкIэ комитетым и унафэщI **Махуэ Владимир** комитет зыбжанэм халъхьэну зэхъуэкIыныгъэхэм тепсэлъыхьащ. А Iуэхум зэрыхущытыр IэIэткIэ къагъэлъэгъуащ депутатхэм.

АдэкIэ зыуэ щыт республикэ программэхэр ди щIыналъэм зэрыщылажьэм ехьэлIауэ КъБР-м и Правительствэм къигъэлъэгъуахэм теухуа унафэм и проектыр къащтащ (а Iуэхум КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зэIущIэхэм ящыщ зым убгъуауэ щытепсэлъыхьащ Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэхэу ДыщэкI Мадинэрэ Чеченов Ануаррэ). КъБР-м и Президентым къыхилъхьа Iуэхум, КъБР-м и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщIу щыта Зумакулов Борис ЦIыхухэм я хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэну гъэувыным теухуам, арэзы техъуащ Хабзэубзыху органым и лэжьакIуэхэр.

Зумакулов Борис депутатхэм я пащхьэм тхьэ щиIуа нэужь, къыхигъэщащ КъБР-м и Президентым, и мурадыр дэзыIыгъа депутатхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, политикэ партхэм хэтхэм фIыщIэ зэрахуищIыр икIи къарагъэза дзыхьыр жэуаплыныгъэшхуэ пылъу зэригъэзэщIэнур къыхигъэщхьэхукIащ.

«2006 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законыр гъэзэщIа зэрыхъуам теухуауэ» КъБР-м и законым и проектыр къащтэн и пэ къэпсэлъащ **Бышэн Азрэт.**

- Къэтпщытэж пIалъэм республикэ бюджетыр нэсу гъэзэщIа зэрыхъуам IуэхуфI зыбжанэ къриkIуащ, - жиIащ Бышэным. - Республикэм и хэхъуэр сом мин 9997907,0 хъуащ (97,3%), ар 2005 гъэм еплъытмэ, сом мин 2811002-кIэ нэхъыбэщ (39,2%). Апхуэдэуи къэралым и щIыхуэу республикэм телъам сом мелуан 243-рэ хэдгъэщIащ, кредит щIыхуэри зытедгъэкIыну тхузэфIэкIащ.

Абы и къэпсэлъэныгъэм къыщиIэта Iуэхухэм пищащ Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмкIэ, финансхэмкIэ и комитетым и унафэщI **Ахъуэхъу Къанщобий.** АдэкIэ псалъэ зрата Iэмал зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ федеральнэ IэнатIэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ фондым и унафэщI **Къанокъуэ Аслъэнбэч** убгъуауэ тепсэлъыхьащ я IуэхущIапIэм и бюджетыр блэкIа илъэсым гъэзэщIа зэрыхъуам икIи «2006 гъэм ОМС-м и фондым Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам теухуауэ» законопроектыр къащтащ.

Апхуэдэу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и языныкъуэ законодательнэ актхэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным и IуэхукIэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ис цIыху щхьэхуэхэм къэрал социальнэ дэIэпыкъуныгъэ етыным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ», «Мэз Iуэхухэр убзыхуным и IуэхукIэ» законхэм я проектхэр къащтащ.

КъБР-м и Парламентым деж щыIэ ЩIалэгъуалэ палатэм хэтынухэр къызэрыхахам теухуауэ къэпсэлъащ ЩэнхабзэмкIэ, спортымкIэ, туризмэмкIэ, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ комитетым и унафэщI **Iэпщэ Заур.**

Палатэм хагъэхьащ ныбжьыщIэ 28-рэ. Ахэр къэзыгъэлъэгъуар республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэрщ, районхэм щыIэ щIалэгъуалэ зэщIэхъееныгъэхэрщ, щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрат еджапIэхэм щызэхэт студент органхэрщ, Урысейпсо политикэ партхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэхэрщ.

АдэкIэ псалъэ зрата, КъБР-м и Парламентым Лэжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ **Гуляевэ Валентинэ** тепсэлъыхьащ «IэнатIэ пэрымытыф цIыхухэм якIэлъыплъхэм хухах компенсацэ ахъшэм теухуауэ» 2006 гъэм УФ-м и Президентым къыдигъэкIа Унафэмрэ «IэнатIэ пэрымытыфхэм якIэлъыплъ, лэжьапIэ Iумыт цIыхухэм мазэ къэс компенсацэ ахъшэ етыным и IуэхукIэ» 2007 гъэм УФ-м и Правительствэм къыдигъэкIа Унафэмрэ зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным щIэлъэIуу КъБР-м и Парламентым УФ-м и Президент Путин Владимиррэ УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Фрадков Михаилрэ Зэрызахуигъазэм.

А законым ипкъ иткIэ, компенсацэ зыхуагъэувыр мылажьэхэрщ, цIыхухэр лэжьыгъэкIэ къызэзыгъэпэщ IуэхущIапIэхэм щатхахэу ахъшэ зрамытхэрщ. Сымаджэхэм я нэхъыбэм якIэлъыплъхэм апхуэдэ зэрахэмытым къыхэкIкIэ (никъуэдыкъуэ куэд зэрахьэ пенсэ ныбжьым итхэм, еджапIэ щIэс студентхэм), зи гугъу тщIы пособиер хухахкъыми, къэрал дэIэпыкъуныгъэм щощIэ.

ЦIыху никъуэдыкъуэхэм къабгъэдэкI лъэIу куэд республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и органым къызэрыIэрыхьэм къыхэкIыу, КъБР-м и Парламентыр щIолъэIу сымаджэхэм кIэлъыплъ цIыху мылажьэхэм мазэ къэс иратын хуей компенсацэ ахъшэр зэрыубзыхуа мардэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэну. Къэбгъэлъагъуэмэ, IэнатIэ Iут-Iумытым емылъытауэ, никъуэдыкъуэм кIэлъыплъ, балигъ ныбжьым нэса псоми компенсацэ хухэхыныр нэхъ къезэгъщ.

ЗэIущIэм и кIэухым Бечелов Ильяс утыку курихьащ КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщI Иванов Игоррэ Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректор, КъБР-м и Парламентым и депутат Къарэмырзэ Барэсбийрэ къэрал законодательствэм зегъэужьыным, урысей парламентаризмэр лъэбыдэкIэ гъэувыным хуащIа хэлъхьэныгъэхэм папщIэ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и щIыхь тхылъ къратыну къызэрагъэлъагъуэр.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Мазихым кърикIуахэм хоплъэж

● ЗэIущIэхэр

Ди газетым зэрытетащи, бадзэуэгъуэм и 10-м зэхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и прокуратурэм и коллегием и зэIущIэ.

АБЫ щыхэплъэжащ япэ мазихым а IэнатIэм и лэжьыгъэм кърикIуам, апхуэдэу прокурор кIэлъыплъыныгъэр къызэрызэрагъэпэщымрэ следствиер зэрырагъэкIуэкI щIыкIэмрэ егъэфIэкIуэным теухуауэ етIуанэ илъэс ныкъуэм къапэщыт къалэнхэр щагъэбелджылащ.

А Iуэхугъуэхэр зэпкърихыу зэIущIэм къыщыпсэлъащ республикэм и прокурор **Жариков Олег.**

Абы къызэрыхигъэщамкIэ, отчет лъэхъэнэм кърикIуахэм ялъэныкъуэу лэжьыгъэр зэуIуу хуаунэтIащ учет зэращI, зэратх хабзэр щIэгъэбыдэным, къэлъыхъуэныгъэ Iуэхур гъэлъэщыным, терроризмэм, экстремизмэм, IэщэкIэ зэщIэузэда щIэпхъаджащIэхэм, коррупцэм зэребэн щIыкIэр егъэфIэкIуэным, экономикэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным. УФ-м и Прокуратурэ нэхъыщхьэм и комиссэм иригъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къарикIуахэм япкъ иткIэ, прокурор кIэлъыплъыныгъэхэр щIэзыгъэткIиену, къахута щыуагъэхэр зыгъэзэкIуэжыну Iуэхугъуэхэр ягъэхьэзыращ.

Жариков Олег зэрыжиIамкIэ, криминогеннэ щытыкIэр республикэм щыгугъущ. КъапщтэмэI, ялэжьа щIэпхъаджагъэу ятхым процент 24,2-кIэ хэхъуащ. Ар бжыгъэкIэ 6334-рэ мэхъу. ЩIэпхъаджагъэу къыщIагъэщыр процент 57,2-м нэскIэ ехащ. Адыгейм къищынэмыщIа, ар Ипщэ Федерал щIыналъэм щынэхъ мащIэ дыдэщ. ЩIэпхъаджагъэ хьэлъэхэмрэ хьэлъэ дыдэхэмрэ проценти 2,3-кIэ кIэрыхуауэ къалъытэми, укIыгъэхэр процент 62,5-кIэ нэхъыбэ хъуащ. Абы и зэхуэдитIым нэблагъэр мурад бзаджэм тещIыхьауэ ялэжьащ.

2006 гъэм республикэм терроризм, экстремизм, бандитизм хьэгъэщагъэхэр щыIакъым. ЗэщIэгъэуIуа гупхэм щIэпхъаджагъэу ялэжьым процент 25,6-кIэ кIэрыхуащ. Абы къыдэкIуэу хабзэм къемызэгъыу наркотикхэр, акъылыр зыгъэутхъуэ щхъухьхэр, Iэщэхэр зэзыгъэкIуэкIхэр нэхъыбэ мэхъу. Къэрал властым, къэрал къулыкъумрэ щIыпIэ самоуправленэмкIэ органхэмрэ яхуэгъэзауэ ялэжь щIэпхъаджагъэхэр процент 23,6-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ. Илъэсым щыщу блэкIа зэманым прокуратурэм зэпкърихащ уголовнэ Iуэхуу 5920-рэ.

Ялэжьа щIэпхъаджагъэхэр ямытхыу къыщагъанэ щыIэ къудейкъым, атIэ абыхэм я бжыгъэм хэпщIыкIыу хэхъуащ. Илъэс ныкъуэм кърикIуахэм, УФ-м и Прокуратурэ нэхъыщхьэм и комиссэм къыщIигъэща Iуэхугъуэ 355-р хэмыту, зэхащIыхьа щIэпхъаджагъэу 405-рэ МВД-м и органхэм я деж щрагъэтхыжащ.

Следствиехэм теухуауэ ирагъэкIуэкIа кIэлъыплъыныгъэхэм япкъ иткIэ, прокурорхэм къыщIагъэщащ хабзэр къызэпаудауэ 5857-рэ. Ар 2006 гъэм къахутам нэхърэ хуэди 6-кIэ нэхъыбэщ. УФ-м и Прокуратурэ нэхъыщхьэм и комиссэм никъусаныгъэ куэд къыщигъуэтауэ щытари а Iуэхурщ.

ЩIэпхъаджагъэу щатхымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр ипэ итхэм ящыщщ. Республикэм и прокурорым зэрыжиIамкIэ, цIыхухэр хабзэм ебэкъуэныр щхьэусыгъуэ куэдым къыхокI, ауэ нэхъыщхьэр а щIэпхъаджагъэхэр къэмыгъэхъуным тэмэму зыри зэрыпымылъырщ.

Улахуэр и чэзум зэрамытым къыхэкIыу уголовнэ Iуэху 4 къаIэтащ, цIыху 74-рэ административнэ жэуапым ирашэлIащ. Арами, улахуэм и Iуэхур иджыри гугъуу къонэ, абыкIэ щIыхуэхэр сом мелуан 11,3-рэ мэхъу. ЛэжьапщIэр нэхъыбэу щагъэгувэ Iуащхьэмахуэ, Аруан, Май, Бахъсэн, Прохладнэ районхэм, Прохладнэ къалэм. Лъэпкъ проект пэрытхэм хуэгъэзауэ зэхащIыхьахэм къыхэкIыу мази 6 кIуам уголовнэ Iуэхуу 18 къаIэтащ.

Жариков Олег зэпкърыхауэ къытеувыIащ я лэжьыгъэм и унэтIыкIэу щытынухэм. Апхуэдэщ щIэпхъаджагъэхэр зыхуэдэр, ахэр къыщIэгъэща зэрыхъур кууэу джыныр, абы кърикIуахэр мазэ къэс зэпкърыхыныр, терроризмэм, экстремизмэм, коррупцэм зэребэн щIыкIэр гъэлъэщыныр, къэлъыхъуэныгъэ лэжьыгъэр егъэфIэкIуэныр. Абы къызэрилъытэмкIэ, мыхьэнэшхуэ иIэщ къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм, щIыпIэ самоуправленэмкIэ IуэхущIапIэхэм, нэгъуэщI IэнатIэхэм «Терроризмэм пэщIэтыным и IуэхукIэ» нэгъабэ гъатхэпэм и 6-м къащта Федерал законымрэ «Терроризмэм пэщIэтынымкIэ лэжьыпхъэхэм я IуэхукIэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2006 гъэм мазаем и 15 къыдигъэкIа Указымрэ щыубзыхуахэр зэрагъэзащIэр зэкIэлъыкIуэу къэпщытэным.

Къапэщыт къалэнхэм теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и прокурорым и япэ къуэдзэ **Жекеев Алик**, МВД-м, таможнэм, наркоконтролым, юстицэм я IуэхущIафэхэм кIэлъыплъ къудамэм и унафэщI **Мэсей Аскэр**, судхэр уголовнэ Iуэхухэм щыхэплъэкIэ абыхэм прокурорхэр хэтыныр къызэзыгъэпэщ къудамэм и нэхъыжь **Чеченов Борис**, Дзэлыкъуэ, Аруан районхэм я прокурорхэу **Махуэ Артуррэ Лъостэн Залымрэ**.

Зэхыхьэм щыжаIахэр зэхилъхьэжащ УФ-м и Прокурор нэхъыщхьэм и къуэдзэ **Сыдорук Иван**.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м ЭкономикэмкIэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и Советым и секретарь **Шондыр Олегрэ** УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Урысей Ипщэм щыIэм и Аппаратым Къэбэрдей-БалъкъэрымкIэ и федерал инспектор нэхъыщхьэ **Меркулов Александррэ.**

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Къэбэрдей литературэм хэлъхьэныгъэфI хуищIащ усакIуэ, прозаик Гъубж Мухьэдин. Абы и IэдакъэщIэкI куэд ныбжьыщIэхэм ятриухуащ.

Сурэтыр 1978 гъэм трахащ.

Лъэпкъыр зэрыгушхуэн скульптор къищIыкIынт

● Фэеплъ



«Къуэш зимыIэм башым Iэплъэ ирешэкI» жиIащ адыгэ псалъэжьым. Къуэшыгъэм и мыхьэнэм куу дыдэу уезыгъэгупсыс псалъэжьщ ар. КъуэшкIэ Тхьэр къыхуэупсэу абы и Iэфlыр зыхищIэну зи насып къимыхьам гущIэгъу хуэфащэу къыпщызыгъэхъу Iущыгъэщ.

Къуэшым уи гур нэхъ ин дохъу. Уи псэр нэхъ мамыру щегъэт. УзыгъэпIейтей куэдым уакърегъэл. Псом хуэмыдэу - къуэш нэхъыжьым. Ар къурш блыным ещхьу псэуху уи щIыбагъ къыдэтщ. ГъащIэм удещIмэ, зыкъыпщIигъэкъуэну хьэзыру. ФэрыщIагъи зыхэмылъ, нэрылъагъууи щымыт и анэкъилъху лъагъуныгъэр зыхэпщIэ зэпыту.

СэркIэ апхуэдэт мы дунейм нэсу гу щызымыхуа си къуэш закъуэ Зырамыку...

И ХЬЭДРЫХЭ дахэ Тхьэм ищI, - сурэт щIыным сыдезыгъэхьэхауэ щытари аращ сэ, си шынэхъыжь Зырамыкущ (1933 гъэм къалъхуащ, 1983 гъэм, илъэс 50 хъуа къудейуэ, дунейм ехыжащ).

СощIэж, сыщыцIыкIум щыгъуэ, нартхэм я сурэт ищIрейуэ щытащ абы. А зэманымтIэ «Нартхэр» жыхуаIэ тхылъ цIэрыIуэр къыдэкIагъащIэт, зэIэпахыу яджт, нартыжьхэм я теплъэр абы ит сурэтхэмкIэ ди нэгум къыщIэувакIэт. (Зырамыку и хъэтI къудейми хэплъагъуэрт сурэт щIыныр абы и лъым зэрыхэтыр: гъэщIэгъуэныщэу зэхэлъэрыхъыхьауэ, хьэрф къэскIэ сурэт щхьэхуэу ищIам ещхьу, я кIапэхэр щIэгъэкIэрэхъуэжауэ тхэрт).

Ауэ нэхъ иужькIэщ, блэкIа лIэщIыгъуэм и 70-80 гъэхэращ, Зырамыку сурэт щIыным щыдихьэхыпар, скульптурэ гъэщIэгъуэнхэр, фалъэ дахэхэр пхъэм къыхибзыкIыу, къыхиупсыкIыу щыщIидзар. А Iуэхум ар апхуэдизкIэ дихьэхати, и нэбдзыпэ зэтримылъхьэу жэщ псом тхъусэкIэ щыупсэ щыIэт.

Зырамыку и лэжьыгъэхэр зылъэгъуа си ныбжьэгъу адыгэ скульпторхэм, художникхэм, а IэщIагъэм хуеджауэ искусствэм фIыуэ хэзыщIыкIхэм жаIэрейт: «Уи къуэшым Тхьэм къритауэ талант хэха иIэщ мы IэщIагъэмкIэ». Сэ абы хуабжьу сригуфIэрт, ауэ апхуэдэ талант зэриIэр и фIэщ зыщIынрэ абы хуеджэну Iэмал къезытынрэ хуэмызэу и ныбжьыр зэрыхэкIуэтами сринэщхъейрт.

Зырамыку ищIа сурэтхэр ди музейхэм мызэ-мытIэу щагъэлъэгъуащ икIи щагъэлъэпIащ. И IэдакъэщIэкI гуэрхэр Суздаль къалэм дэт музеишхуэм ищэхуагъащ, блэкIа лIэщIыгъуэм и 80 гъэхэм ГДР-м щекIуэкIа гъэлъэгъуэныгъэм щыхэтам щыгъуэ, и лэжьыгъэхэм дыщэ медаль къыхуагъэфэщауэ, и скульптурэхэм языхэзым траха сурэт «Декоративное искусство» журналым къытехуауэ щытащ.

И гъащIэр нэгъуэщIурэ къекIуэкIамэ, а IэщIагъэм хуеджэну, и гур утIыпщауэ абы ирилэжьэну Iэмал игъуэтамэ, сэ шэч къытесхьэркъым: ди лъэпкъыр зэрыгушхуэн скульптор нэс къищIыкIынт си шынэхъыжьым. Ауэ, езыр сыт хуэдизу цIыху IэфIу щымытами, гъащIэр и дыджыпIэмкIэ нэхъ зыхуэупсахэм ящыщщ ар...

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Зырамыку и IэдакъэщIэкIхэм я нэхъыбэри я нэхъыфIхэри хэутIыпщхьа хъуащ. Ар жытIэ щхьэкIэ, гуфIэгъуэ IуэхукIэ къащтауэ си къуэшым ищIа фалъэхэр адэкIэ-мыдэкIэ щызэрахьэу щыслъагъум деж, срогуфIэ икIи срогушхуэ.

Кхъужьейм, дэшхуейм къахиупсыкIа хъуп цIыкIуитI къудейщ шынэхъыжьым и IэдакъэщIэкIхэм ящыщу сэ къысхуэнар. Тхьэр арэзы къахухъу, нобэкIэ ди Лъэпкъ музейм щахъумэ абы ищIа фалъэу щы. Ауэ Зырамыку и IэдакъэщIэкIхэм ящыщу нэхъыбэ хъума щыхъуар Зэрэгъыж дэт къуажэ библиотекэрщ. Ар зи фIыгъэр а библиотекэм куэд лъандэрэ и унафэщI Бозий Лусэщи, ину фIыщIэ хузощI...

Мы тхыгъэр фэеплъ зыхуэсщIыр уэращи, Тхьэм уи псэр игъэгуфIэ, зи гугъэмрэ зи гъащIэмрэ зэтемыхуа си къуэшыфI...

* * *

Си гъащIэ налъэхэм ящыщу илъэс нэхъ угъурсыз дыдэм, махуэ бжыгъэ фIэкIа зэхуаку ямыIэу си анэмрэ си къуэш закъуэмрэ щыщIэслъхьэжа гъэм, си Iэдакъэ къыщIэкIащ «Нэхугъэ» зыфIэсща мы тхыгъэр. Апхуэдэ гуауэшхуитIым я зэхуаку къыдэхъукIа гупсысэм и жанр щапхъэр зыхуэдэр жыIэгъуейщ, ауэ щыуагъэ хъуну си гугъэкъым «прозэу тха усэ» фIэтщмэ...

IУТIЫЖ Борис.

НЭХУГЪЭ

Си шынэхъыжь Зырамыку и фэеплъу

«Хэт илъэгъуа игъащIэм ГъащIэм и сурэт! ГъащIэ дахэм. ГъащIэ махэм. ПIащIэу щыIэм я нэхъ пIащIэу мащIэу щыIэм я нэхъ мащIэм... Сыту гъэщIэгъуэныщэ хъунут ар къысхуэгъэлъэгъуамэ. Сыту хьэлэмэтыщэ хъунут ар къызыхэсщIыкIын згъуэтамэ!..» А хъуэпсапIэ щэхур иIэу псэут зы цIыху. Псэут, мы дунейм апхуэдэ зэрытримыгъуатэм ирибампIэу... Абы сытри пхъэм къыхухэщIыкIынут. Мывэм къыхухэбзыкIынут. ГъущI дыдэри къыхуэIурыщIэну хьэзырт. Ауэ ГъащIэм и сурэт къызыхэпщIыкI хъунур езым ещхьыж зы телъыджэ гуэрт... «Дэнэ-тIэ апхуэдэ телъыджэ здэщыIэр? Хьэмэ щымыIэххэу ара?»... ЩыIэт апхуэдэ телъыджэ. Хьэлэмэтыщэу зэхэухуэна нэхугъэу и пащхьэм къитт. Iэбэу зыхуейр къыхищIыкIын фIэкIаи къыхуэнэжIатэкъым... Ауэ узэрыIэбэу - ар кIуатэрт. УкIэлъыкIуатэми, - арат... Апхуэдэххэу, нэхугъэм кIэлъыкIуэм-кIэлъыIэбэурэ, абы къызэринэкIащ сабиигъуэу гъуэбжэгъуэщ дахэри. ЩIалэгъуэу бэуэгъуэ IэфIри. КъызэринэкIри, жыгъэм ухуэзышэ балигъ гъуэгуанэм къытенэжащ... Ар - кIуэрт. Щемышми - кIуэрт. Щешами - кIуэрт. КIуэтэхукIи, гугъэхэр къытеужьыхэрт. Шэчхэр нэхъ къытегуплIэрт. Пкъы щIэлIари гум едэIуэжтэкъым... Абы и напэр ипхъэхат Зэманым и жыыбгъэ щIыIэм. Лъэгухэр гъуэгуанэ мыухыжым лэрыгъу къищIат. Iуэху нэхъ щабэ дыдэхэм къахуигъэщIа и IитIри инрэ-ину бэтат. Пхъашэрэ-пхъашэу къэнат. Псалъэм я нэхъ IэфIу къыздрихьэжьахэри узрагъэлъэу ткIыбжь къыIэщIэхъуакIэт... ТIысри ириплъэжащ итIанэ ар къикIуа гъуэгуанэм. Сыту зэмыщхьт ар зыхуеямрэ зэрыхъуамрэ. И гугъамрэ къызэрыщIэкIамрэ. Сыту зэмыщхьт!.. Гур иджыри гуапагъэкIэ гъэнщIат. Псэр иджыри къабзагъэкIэ хуэпат. Ауэ абы къыщыхъуащ ахэм зыри хуэмейуэ. Зыри. Зыри. Зыри... БампIэр нэпс пIащэу нэм къыщIэткIуащ. Ар нэпстэкъым, - псэти, жэнэтбзу хъури, зэуэ къыхэхутащ нэхугъэм. КIыфIым хэткIухьыж нэхугъэм...

1983 гъэ.

Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ

Иджырей урыс театрым и Станиславскэ

Урысей режиссер цIэрыIуэ Фоменкэ Петр и ныбжьыр илъэс 75-рэ дыгъуасэ ирикъуащ. А творческэ цIыху гъуэзэджэм «Иджырей урыс театрым и Станиславскэ» хужаIэ, ауэ езым и постановкэхэр къызэрыгуэкI Iуэхуу ебж, режиссурэм псэм и лэжьыгъэкIэ йоджэ. Апхуэдэу абы къелъытэ сценэм щIыбагъкIэ ухуэкIуэн хуейуэ: "ИтIанэщ блэкIам ухэплъэну Iэмал ущиIэнур," - жеIэ.

ФОМЕНКЭ и лэжьыгъэхэу нэхъ цIэрыIуэ хъуахэм ящыщщ «Уеблэмэ хъыбар дыхьэшхэнщ» фильмыр, «Дыгъужьхэмрэ мэлхэмрэ» спектаклыр. А лирикэ комедием хэтщ урысей артистхэу Антоновэ Ольгэ, Арининэ Людмилэ, Глузский Михаил, Гафт Валентин сымэ, нэгъуэщIхэри. Къыдэлажьэхэми иригъаджэхэми и быным хуэдэу ар зэрахущытыр къыхощ абы игъэув спектаклхэми фильмхэми. Фоменкэ и гъэсэнхэм адэм ещхьу яхуэткIийщ икIи абы къыдэкIуэу фIыуэ зэрилъагъури зыхрегъащIэ.

«Ди гъащIэр зэрыщыту спектаклщ, - жеIэ юбилярым. - Аращ къыщыбгъуэтынур блэкIами, щыIэми, къэкIуэнуми яхуэгъэза упщIэхэм я жэуапхэр».

Урысейми Франджыми я зэхуэдэ

Мы махуэхэм Урысейм щагъэлъапIэ зи IэдакъэщIэкI телъыджэхэмкIэ дунейпсо сурэтыщI гъуазджэм къыхэна Шагал Марк къызэралъхурэ илъэси 120-рэ зэрырикъур. Ар дунейм щехыжар 1985 гъэрщ, и ныбжьыр илъэс 97-м иту.

ШАГАЛ Марк зэхуэдэу яйуэ ялъытэ ар къыщалъхуа Урысеймрэ (Витебск къалэ) Хэкум икIа нэужь щыпсэуа Франджымрэ. Лъэныкъуэ куэдкIэ зызыубгъуа зэчий зыбгъэдэлъа Шагал ущытепсэлъыхькIэ къыхэгъэщыпхъэщ ар живописец къудей мыхъуу, скульптору, театрым и декоратору, тхылъхэр сурэткIэ игъэдахэу, фрескэхэмрэ мозаикэмри хуэIэзэу зэрыщытар. А псом и щIыIужкIэ ар икIи усакIуэт.

Шагал ядэгъуэгурыкIуащ сурэтыщI цIэрыIуэхэу Пикассо Паблэрэ Матисс Анрирэ. Абы и творчествэм итхьэкъуащ къызэрыпу экI цIыху хэри, къулыкъущIэхэри, динырылажьэхэри. Псалъэм папщIэ, Франджым щэнхабзэмкIэ и министру а лъэхъэнэм щыта, тхакIуэ икIи искусствовед Мальро Андре сурэтыщIым пщэрылъ щищIат Гранд операм и плафоныр игъэщIэрэщIэну. Сент-Этьенн, Асси, Цюрих дэт члисэхэр ягъэдахэ Шагал ищIа витражхэм.

НЫБЭЖЬ Таисэ.

● Ди нэхъыжьыфIхэр

Лэгъупэжьым и гъуэгуанэ

Зэ закъуэщ илъэс 47-кIэ зыпэрыта лэжьапIэ IэнатIэм пэIэщIэ щыхъуар Зеикъуэ щыщ, къуажэм и мызакъуэу районми лэжьакIуэфIу, лэгъупэжьу къыщацIыху ГъукIэлI Наурыз. Дзэм къулыкъу зэрыщищIа илъэсищми Наурыз игу ихуакъым зэрысабий лъандэрэ зэса лэжьыгъэр.

КЪЫЗЭРЫГУЭКIмэкъумэшыщIэ унагъуэщ къыщалъхуар ГъукIэлIыр. И адэ-анэм, Музэфаррэ МуIэзинэтрэ, къуищ зэдагъуэтати, Наурыз етIуанэт.

Тыншу щытакъым а зэкъуэшхэм я сабиигъуэр. Фашистхэр ди къэралым къыщизэригуэм, я адэр танкисту зауэм кIуэри, хэкум и хуитыныгъэм папщIэ и гъащIэр Кърым щIыналъэм щитащ. МуIэзинэт щIалищри и закъуэ ипIащ, иригъэджащ, лэжьыгъэр фIыуэ ялъагъуу, нэмыс, хабзэ яхэлъу къигъэтэджащ. Наурыз и къуэш нэхъыжь НэIиб Тырныауз къалэм илъэс 33-кIэ, нэхъыщIэ Хьэсэнбий милицэм илъэс 30-кIэ щылэжьахэщ. Ауэ ахэри иIэжкъым Наурыз: дунейм ехыжахэщ.

Наурыз къуажэ курыт еджапIэм и ещанэ классым щIэсу арат, игъащIэкIэ IэщIагъэ хуэхъуну лэжьыгъэм япэ дыдэу щыпэрыхьам. Гугъу ехь и анэм дэIэпыкъун щхьэкIэ, къуажэ колхозым и 6-нэ бригадэм и мэлхэр гъэхъун щIидзащ.

Абы лъандэрэ колхоз Iэщым пэрытащ, пенсэм кIуэуэ тIысыжыху. Зыпэрыт IэнатIэм егугъуу, нэхъыбэ ищIэну хущIэкъуу зэрылэжьам щхьэкIэ, Наурыз медаль, щытхъу тхылъхэр, саугъэтхэр куэдрэ кърагащ. ЕджапIэм щIэсыху, еджэнри, мэл гъэхъунри, унагъуэм Iуэху щыщIэн хуейри зэдихьащ, анэм и дэIэпыкъуэгъу нэхъыфIу.

Мэлым пэрытыныр лэжьыгъэ тынштэкъым - Iэджэ гугъуехьи и нэгу щIэкIащ Наурыз. Зэгуэрым, Домбей щыIэу мэлхэр здигъэхъум, жыбгъэ ин, борэн къыкъуэуам езы щIалэри и мэлхэри бгым иридзыхри, Наурыз фэбжьышхуэ игъуэтауэ щытащ: и дзажэналъэхэр зэхикъутати, куэдрэ сымаджэщым щIэлъын хуей хъуат. А гъэ дыдэм и гъатхэм Къущхьэхъу Ташлыт дыгъафIэм щыIэу, мэл хъушэм здыкIэлъыплъым, щыблэ къеуэри зэхисхьэ пэтащ. Къезыгъэлар хьэфэ плащ щыгъарауэ жеIэ. Абы щыгъуэм мэл куэди хэкIуэдат.

ГуфIэгъуэ, гугъуехь куэд и нэгу щIэкIащ а лэжьакIуэм, ауэ абыхэм ягъэдзыхакъым, кърагъэкIуэтыфакъым, - фIыуэ илъагъу IэнатIэм къыпэрыкIакъым.

Апхуэдэу лажьэурэ, 1956 гъэм еджапIэр къиухащ. А илъэс дыдэми дзэм къулыкъу щищIэну ираджэри, илъэсищкIэ щыIащ, и адэм ещхьу езыми танкист IэщIагъэр къыхихри. Ауэ а илъэсхэми зыпэрыта IэнатIэмрэ и лэжьэгъухэмрэ игу ихуакъым Наурыз - къызэригъэзэжу зыхэта колхозым и 6-нэ бригадэм хыхьэжащ. Бригадиру ягъэуври а къалэнри илъэсиблкIэ IэкIуэлъакIуэу игъэзэщIащ. Наурыз хъупIэ куэдым щылэжьащ - мы Къэбэрдей-Балъкъэрым имыцIыхуу зы щIыналъи иIэкъым.

Дзэм къызэрикIыжрэ илъэс дэкIауэ, 1960 гъэм, и къуажэгъу, Дыкъынэхэ япхъу Люсэ Iэпэгъу ищIащ. Абы лъандэрэ ахэр зэгурыIуэ-зэдэIуэжу, унагъуэ дахэу зэдопсэу. Люсени и Iэ зэтедзауэ щысакъым - колхозми сымаджэщми щылэжьащ илъэс 20-м нэблагъэкIэ.

Зеикъуэ къуажэ иным IэщыхьуэI, мэлыхъуэ дэсу къыщIэкIынкъым Наурыз зыдэмылэжьа. Иджыпсту абыхэм ящыщу зи цIэ криIуэр тху къудейщ: Гъуэгу Чэзим, ПыIэкъарт Iэбу, Сыжажэ Мухьэмэд, Сэбаншы Хьэсанш, Хьэсэнбий Мухьэмэд. Адрейхэр дунейм ехыжащ.

Наурыз ирогушхуэ, иропагэ зэгуэрым, Уруп хъупIэм мэл ящу щыIэу, япэ дыдэу хьэршым лъэтауэ щыта бзылъхугъэ космонавт Терешковэ Валентинэ хуэзауэ зэрыщытар, фIыуэ зэрылажьэм щхьэкIэ къызэрыщытхъуар, псалъэ гуапэ къызэрыжриIар.

Гугъуехь куэд пыщIащ Iэщым, мэлым япэрытыным: уэшхи, уэси, уэлбани, дыгъэ жьэражьи кърымыдзэу, жэщмахуэ жимыIэу губгъуэм итщ, хъушэм теплъэкъуэкI мыхъуу, и узыншагъэри лэжьыгъэм щыхилъхьэ къэхъуу. Ауэ абыхэм щхьэкIэ IэщIыб ищIакъым и IэнатIэр ГъукIэлI Наурыз. Гъэхъун хуей - игъэхъуащ, щын хуей - ищащ. ЛэжьыгъэкIэ и бригадэр адрейхэм куэдрэ ефIэкIащ. Мэлищэм щынэ 80, уеблэмэ 100 къыщыщIигъэхъуа къэхъуащ. Апхуэдэ ехъулIэныгъэфIхэм щхьэкIэ саугъэтхэри кърататщ. Ахъшэм нэмыщI, хьэпшып лъапIэхэри къыхуагъэфэщащ.

Илъэси 10 мэхъу Наурыз пенсэм зэрыкIуэрэ, ауэ и Iэ зэтедзауэ щыскъым. И узыншагъэм, къарум къызэрихькIэ хузэфIэкIыр ещIэ: Iэщ егъашхэ, унагъуэм сэбэп щохъу. И узыншагъэри Iей хуэдэкъым: дунейм нэфIэгуфIэу тетщ. Апхуэдэу щытми, игу къемыуэу къанэркъым фIыуэ зэтеухуауэ щыта колхозхэр зэрыщымыIэжыр, лэжьапIэ IэнатIэхэр мащIэ зэрыхъуар, щIалэгъуалэ куэд Iуэхуншэу уэрамым зэрыдэтыр.

Бынибл зэдагъуэтащ Наурызрэ Люсэрэ - щIалитхурэ хъыджэбзитIрэ. Зыхуей хуагъэзащ а тIум я щIэблэр: нэмыс яхэлъщ, хабзэ ящIэ. ЗыгуэркIэ къэзыгъэщIэхъуа, къэзыгъэукIыта абыхэм яхэткъым.

Я къуэ нэхъыжьхэу ХьэзрэIил, Iэдэм, Iэхьед сымэ ухуакIуэ IэщIагъэр къыхахащ. Япхъу нэхъыжь Iэсият Рязань щыIэ юридическэ академиер къиухауэ, майор званиер иIэу и IэщIагъэм иролажьэ. Япхъу нэхъыщIэ СэIимэт Дыгулыбгъуей дэсщ. Ахэр псори унагъуэ хъужахэщ. Тэмэму, лажьэ-шхэжу мэпсэухэр. Бын гузэвэгъуэм нэхъ хьэлъэ адэанэм я дежкIэ щымыIэми, ари ягъэунэхуну къахуихуащ зэщхьэгъусэхэм: къуэ нэхъыщIитIыр, МуIэедрэ Ахьмэдрэ, дунейм ехыжащ.

И нысэхэмкIэ хуабжьу арэзыщ Наурыз, я адэм хуэдэу къыхущытхэщ.

Къуэрылъху-пхъурылъху хьарзыни иIэщ а тхьэмадэм - псори зэхэту 11 мэхъу. Ахэр щIэх-щIэхыурэ къэзэхуэсыжхэурэ ягъэгуфIэ, езыми абыхэм яхэсыныр, яхэтыныр зыпищI щыIэкъым.

Илъэс щэ никъуэм нэблагъэкIэ зыпэрыта и лэжьыгъэкIи, и унагъуэкIи, и щIэблэкIи насыпыфIэщ лэгъупэжьурэ къекIуэкIа ГъукIэлI Наурыз. ГъащIэ дахэ къэзыгъэщIа, лэжьыгъэфI езыхьэкIа нэхъыжьыфIым лъэпкъми къуажэдэсхэми пщIэ хуащI.

УЭРЭЗЕЙ Рашид.

Саугъэт нэхъыщхьэр Тайванкэ къехь

● Шыгъажэ

Тхьэмахуэ махуэ блэкIам Налшык ипподромым щекIуэкIа шыгъажэм къекIуэлIахэр яфIэгъэщIэгъуэну пэплъэрт ОКС саугъэтышхуэр къэзыхьынум.

ШЫГЪАЖЭР къызэIуахащ илъэситI зи ныбжь шы лъэпкъ къабзэхэр зыхэта зэпеуэмкIэ. Кубань псым и цIэкIэ ягъэува саугъэтыр къихьащ метр 1200-рэ гъуэгуанэр зы дакъикъэрэ секунд 17,5-м зэпызыча, куэдым фIыуэ ялъэгъуа, «Русь» ООО-м и Соу Кет шым. Ар къигъэжащ Бахъуэ МуIэед, гъэсакIуэр Сыжажэ Борисщ.

Анилин и цIэкIэ щыIэ саугъэтыр къэхьыным теухуа шыгъажэм хэтащ илъэсищ зи ныбжь шы нэхъыфIхэу 14. «Конкурент» агрофирмэм и Пуэрт (Португалец) шым аргуэру бжьыпэр «Русь» ООО-м и Эксклюзив Прайд иритри, езыр етIуанэ хъуащ. ТекIуэныгъэ къэзыхьар къигъэжащ мастер-шуудей Бахъуэ МуIэед, гъэсакIуэр Сыжажэ Борисщ. Иджы Эксклюзив Прайдыр къалъытэ Налшык и Дерби саугъэт нэхъыщхьэм щIэбэныхухэм я хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэу.

Псори зыпэплъэ зэпеуэм - ОКС саугъэтышхуэр къэхьыным хэтащ илъэсищ зи ныбжь шы 15. «ОКС-м и саугъэтышхуэ - 2007» тепхъуэ дэгъуэр зыIэрыхьэнур зэуэ къыхэхыгъуафIэтэкъым: Ординари Кисс, Твин Систем, Ухта, Тайванкэ, Ревизия шыхэм зэхуэдэу зрачат. АрщхьэкIэ «Магас» шы спорт комплексым и Тайванкэрщ щIэмыужьыхэу финишым нэсар. Абы метр 2400-рэ гъуэгуанэр дакъикъи 2-рэ секунд 47,7-м зэпичащ.

ИлъэситI зи ныбжь шыхэм я деж иджыри къэс бжьыпэр щиIыгъащ «Налшык» хьэлвэ заводым и Алей шым. Мы зэпеуэми хьарзынэу зыкъигъэлъагъуэурэ, и кIэм бжьыпэр иритащ Зольск унагъуэшым. Ар зэпеуэм хуэзыгъэхьэзырари къэзыгъэ жари гъэсакIуэ Ало Эдуардщ.

КъыкIэлъыкIуэ шыгъажэр бадзэуэгъуэм и 28-м зэхэтынущ.

ШУЖЬЕЙ Пщымахуэ.

МЭШБДЩЭ Исхьэмэ

ГУАЩЭНЭ 450

"Адыгэхэр" романым щыщ пычыгъуэ

1561 гъэр екIуэкIырт. Гъэмахуэпэ мазэм и пщэдджыжьыпэ дахэт. Ялъэуфыгъэ зэрагъэщIэгъуэныр ямыщIэу, мэкъуудэсхэр бжьэ къэпщIам хуэдэу зэщIэвууэрт. ЗэщIэмэвууапIэри иIэтэкъым - апхуэдэ тельыджалажьэ я щыпэлъагъут абыхэм: ныбдэгъуищ зыщIэщIа гуимэ гъэщIэрэщIам хъыджэбз дахэкIей ист. Ар ауэ сытми дахэ къудейтэкъым - зи нэр кIихурэ зи жьэр IурыхуауэI абы ельхъэм ящыщ зым зэрызкIауэ, зи фэгъу и гъащIэм ямылъэгъуат. Ар мы ЩIыпIэм зэрацымыщыр, атIэ тенджызэ адрыщIым кьызэрыраныр зэрыльагъут - и теплъэ дахэмкIи, и щыгъын гъэщIэгъэнымкIи.

Гуимэм щIыгъу шу гъуэсэхэр-щэ! ЗауэлI Iэщэ-фащэкIэ зэгъэпэщауэ дзэ псо мэхъу. Апхуэдэри и щыпэлъагъут мэзкуудэсхэм.

Апхуэдизэ дауэдапщэр зэщIылIауэ къалэдэсхэр зэзыгъэплъыжар, зыгъэпIейтеяр дарий гуимэкIэ урыс пащтыхым хуаущ Гуащэнэт. Адыгэпщ Темрыкъуэ ипхъу дахэрат. Абы бгъурыст Гуащэнэ и шыпхъу нэхъыжь Алтыншаш и къуэ Сэхьид-Болат. Адыгэ хабзэм ипкIи иткIэ, абы жэмхэгъаеэ къалэныр и щIэ дэлъу арат. Гуимэм и ужь кIэщIу итт Темрыкъуэпщым и къуэ Думэныкъуэрэ и мальхьэ хъан Бекболэтрэ. Шу гъуэсэхэм ихэтт адыгэхэри, нэгъуейхэри, тэтэрхэри, къэзакъэхэри. А псоми я шу пашэт зауэлI Бутурлин, пащтыхь лIыкIуэхэу Вокшерин, Мякинин сымэ.

- Апхуэдэ тельыджэ игъащIэм хэт ильэгъуа?

- Хэту пIэра а къомыр?

- Ящэри зыхуаипэри хэт?

- Зыхуаашэр фщIэркъэ - езы дыдэраш! Хуаущэр тенджызэ адрыщIым къраш... - щхьэж хуитъэфащэ жеIэ.

- Дауэ езым зэрыхуаишэр?! И щхьэгъусэ Анастасие щылIар дыгъуасэ хуэдэщ! - тау-тау жрегъаIэ лIыжь жьакIацэ гуэрым.

- Уи жьэр зэщIэкъуэ, къуэшI! Скуратов Малютэ и тхьэкIумэр жанщ... Бжэгъым уфIагъэтIысхьэнщи, сыкъэпэфIэнщ.

- Абы езым бжэгъыр хуаупэпщIыну и чэзу хъуат, - къоIуащщэ нэгъуэщI зыгуэри.

- ФыкъэдаIуи, фыкъаплъэ. апхуэдэпщIэ зыхуащIу къашэр инджылыз пащтыхым ипхъуу къыщIэмыкIмэ...

- УмыщIэ УмыщIуатэ! Инджылыз пащтыхыбракъым ар зи пхъур - датчанхэм я пащтыхыраш.

- Фи жьэр вгъэпIэрэпIарэ фIэкIа, хьэлIамэ фощIэ фэ Фымынэфмэ, фIыгъгъуэ?! Тэтэр шуудзэщ ахэр. ХьэщIэу къыткуебдагъэу арам.

- Къэбгъуэтай тэтэр! Шэрджэсщ ахэр! Индием къокI, - жери зыгуэрым гупыр зэщIегъэдыхьэшхэ.

Iэуэлъауэр, дыхьэшх макъыр ужьыхха нэужь, зы щIалэщIэ къопсалъэ:

- Фымыщ!э фымыIуатэ. Пэжщ, ахэр шэрджэсщ. Ауэ къыздикIхэр Кавказыращ. ЩIалэ бэлыхьхэщ. Сэ абыхэм Ливоным сащыдэзыхащ. Хахуэхэщ. ЗауэлI хъыжьэхэщ...

Гуимэр Соборнэ утыкум къыщоувыIэ. ИгъащIэм Мэзкуу къыдэмыхьа бгырысхэм ялъагъуэхэр зэрагъэщIэгъуэн ящIэркъым. Чырбыш тлыжьыкIэ дэщIеяуэ блын лъагэхэм, куэбжэшхуэхэм, дыщэпсыр къызытелыдыкI сэрейхэм нэри пэри яхь. Псори зэпаплъыхьри, хьэщIэхэр утыкум итщ. И нэр тенауэ абыхэм къеплъу щхьэгъубжэм къыкIэлъыIуэ, езы урыс пащтыхьри - итхъэкъуэуэ зэпIлыр апхуэдизкIэ фIэгъэщIэгъуэнщи, абы нэгъуэщI ильагъуи зэхихи щIэжкъым.

- ИтIанэ, итIанэ! ЩIэжкIыжи, сыноджэху къыспэплъэ, - жери, и щIыб къызэрыпъэзаэу, Iэ хуещI абы Висковатэм. Модрейм сыт ищIэнт? ЩIыбкIэ икIуэтурэ щIокIыж.

«Щхьэпэлъагэщ. Пкъыфlэщ. Дебгъуэн щымыIэу зэкIужщ. И нэгум и дахагъуэр щэ?» - нэкIэ ешх бзылъхугъэ тхьэIухудыр. И нэхэр иуфыщIарэ бауэкIэщI хъуауэ бгъэдэтщ щхьэгъубжэм. «Мо фIыгъуэмкIэ къыслхуэупсэ ди тхьэ, сытхэр пхузифIыщIэ?! А шэрджэс пщащэ дахэр ныщхьэбэ гъунэгъуу сымылъагъуу дауэ схуэпэчыну?» - зыбгъэдэт щхьэгъубжэм къыбгъэдэкIыжьыфыркъым. ИтIанэ и нэр къегъэплъэжри гуимэм щIыгъухэм яхоплъэ. Ливон зауэр игу къегъэкIыж. Адыгэхэм абы щызэрахьа лIыгъэм теухуауэ и зауэлIхэм къыжраIа хъыбархэми йогупсысыж ар. «АпхуэдэлIхэр си гъусэмэ, полякхэми, кIрымхэми, тэтэрхэми я ней къыслщхуэ!.. ИщхъэрэкIэ тыншу, бэIутIэIуншэу ущыпсэуну пфIэфIмэ, ипщкIэ плъэн, абыкIэ зыщыгъэбыдэн хуейщ. Ауэрэ, куэдрэ, къуэкIыпIэми дынэсынщи... АбыкIэ зыкъытщIэбгъэкъуэну сынолъэIу, ди тхьэ», - жери кIыхьу тхьэйолъэIу ар. ИтIанэ Висковатэм Варварэ Патрикеевнэ сыт жиIэрэ?

Висковатэм и дамэр дрегъуэй.

- Дауи, пащтыхь гуащэу щытауэ дунейм ехыжа Анастасие и благъэхэм ар я гуапэ хъуркъым. Зигъэбзэхащи, здэщыIэр зыми ищIэркъым.

Иван Васильевич хьэлъэу мэщатэ. Псалъэ къыжьэдмыкIыу куэдрэ щытащ, щхьэгъубжэм дэплъу. ИтIанэ зыкъегъаазэ. Иван Грознэр арауэ хуумыгъэфэщэну, хуэм дыдэу къопсалъэ:

- Здэщыlэр къэфщIэну къэвмылъыхъуэ ар - щIэбгъэпIейтеин щыIэкъым. Куэ, Иван Михайлович. Хуит уэхъужащ. Си деж зыри, къыбгурыIуа, зыри къыщIамыгъэхьэну ящеIэ.

Висковатэр щIокIыж.

«Фыз къэсшэжыну сыхунэмыс щIыкIэ Захарьинхэ я нэр къыслхуэзэрагъэдзэкIыу щIадзащ. Си къуэ дыдэхэри нэбгъуэкIэщ къызэрыщIэплъыжыр. Ауэ щхьэчыкIи, псоми фIы дыдэу къагуроIуэ: пащтыхь гуащэ зимыIэр шы щIакъуэ тес хуэдэщ. Ар жьакъэ нэсынукъым... Абы и закъуэ къудейкъым... Си жагъуэгъуэхэм лъэкI кърамыгъанэ. Зы сэ жыслIэмрэ си унафэмрэ сытекIынукъым... Си щхьэ Iуэху къудейрхъым зесхуэр сэ - къэралыр зэрыхъунуми согупсысыс... Жанейхэм ящщ Сибокъуэ лIы делэу къыщIэкIащ: жьэгу пащхьэ акъылщи, жьжьэ нэлпыкъыфIыркъым... Тыркъэмрэ кърымхэмрэ я дежкIэ зрагъэуэгъэкIащ... И нэхуэ къэсмэ, Кавказ псор Урысейм щыщ зэрыхъунур къыгурыIуэркъым... Темрыкъуэпщымрэ къэбэрдейхэмрэ нэхъ акъылыфIэу, нэхъ щIыхь зэтетхэу къыщIэкIащ... Апхуэдэу щыщыткIэ, абыхэм я дзыхь ебгъэзми, ущыуэнукъым... Тхьэм жиIэмэ, абыхэмрэ дэрэ благъагъэкIи зэпыщIа дыхъунщи... Абы сэбэпынагъи кIрикIуэнщ... Си къэралымкIи. ЛъэныкъуитIымкIи... ИтIанэ хуеиху я щхьэм щIретIэхъуэж инджылызхэри абыхэм я Iупэфlэгъуэхэри»...

Гуащэнэ кIэлъыплъынхэ, ар нэхъыфIу зрагъэщIыхун, и хьэл-щэнкIэ зыхуэдэр къащIэн папщIэ, пащтыхьым махуищ пIалъэ яхуегъэуэ и блигущIэтхэм... Езыри йодаIуэ адыгэ пщащэм теухуауэ я къыхуахь къыбархэм. Псоми зэрыжаIэмкIэ, пщащэр щIыпхъ гъэсащ. ЗэхэщIыкI зиIэщ. ЩIэныфIэщ. Урысыбзэ имыщIэмэ, ар Iуэхэушхуэ!Ебгъащ1э мэхъу. Нэхъыщхьэр гурэ псэкIэ укъыгурыIуэмэ аращи... Тхьэм жыхиIар хъунщ.

Махунщ докIри, Иван Васильевич хуреджэ и шынэхъыпIэ Юрий Васильевич и Iыхьлы-благъэхэри. И къуэ Иван къриджакъым - апхуэдэ Iуэхуэхэм хэIэбэну и ныбжь нэсакъым. Пэжщ, ари кIэщIу щыгъуазэ ищIат Iуэхуэр зыIутым.

- ФытIыси, гупсэхуу фыкъызэдаIуэ. Фэр нэхъ гъунэгъуэр нэхъыфIу слъагъуэр мы дунеипхуэм щызиIэкъым сэ. Фэ нывжезмыIэр хэт жесIэн? Араш фыкъыщIезджари. Фэ дуней и пIалъи фощIэ. ИкIи къыбгуроIуэ: къэралыгъуэпхуэм и пащтыхьыр лIыгъэбзу псэуныр емыкIущ. АтIэми, сэ къэзгъэщIам фIэкIа ныбжь уимыIэу. ПцIы щхьэ упсын хуей, япэ щIыкIэ си мурадащ инджылызхэм е датчанхэм малъхъэ зэхуэсщIыну. АрщхьэкIэ... Урысей къэралыгъуэшхуэм и пащтыхьыр малъхъэ ящIыну зрамыпэсарэ абыхэм е апхуэдэу хъун хуейуэ тхьэм имыухарэт? Абы нухамкIэ арэзы дыхъун зэрыхуейр псоми къыщIуроIуэ... Сегупсысщ-сегупсыри къэзгупсысараш: ипщкIэ зыгъэзауэ зыплъыхьын. Iуэхум хэзыщIыкIэм зэрыжаIэмкIэ, а лъэныкъуэмкIэ узэплъын дахагъи узэхъыпэсэн къуленгъи щыIэщ. А псоми ебгъапщэ хъунукъым зи хьэсэпэри зи акъылри кIэщI Дание тIэкIур... Махунщ къудейм къриубыдэу цIыхур зыхуэдэр къэщIэгъуейщ. Ауэ щытхъур хуагъащ Гуащэнэ гуащэм. ИфI фIэкIа, и Iеигъэ лъэпкъ зэхэсхыркъым. ТхьэIухуду дахэщ. Губзыгъэщ жаIэ. Лъэпкъыфl къыхэкIащ... Пэжщ, си унафэр зыфIэмыдахэхэри щIэщ. Фэ фыкъыщIезджар Iуэхум нэхъыфIу щытъуазэ фысщIыну, сывэчэнджэщыну, жыфIэми седаIуэну аращи...

- Узахуэщ, икъукIэ узахуэщ, ди пащтыхьышхуэ, ауэ... - псом ящэ къэпсалъэ Юрий Васильевич. - Дэ дычыристанщ. Ди диныр къабзэщ. Адыгэхэм къытхуаша Гуащэнэ и диныр нэгъуэщIщ...

- Адыгэхэракъым ар къытхуэзышар - къэзышар сэ згъэкIуа ди цIыхухэращ, - пащтыхьыр и пащIэкIэ къыщогуфIыкI. - Диным и Iуэхуэ-кIэ. Урысейм лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ дапщэ щыпсэуэр? Ауэ щыхъуэкIи, абыхэм хуэдизкIэ яхэтщ ди чыристан диныр къащтауэ. Ар щIыжысIэращи, Урысей пащтыхьым и щхьэгъуэсэ хъумэ, дэнэ кIуэн, Гуащэнэ гуащэри ялъыристан диным и щхьэнщ. Iэмал имыIэу къищтэнщ ди диныр.

«Ей, уэри уэ, ди пащтыхь, - и щхьэр щIиIуауэ, и пащIэкIэ щогуфIыкI Курбскэр. - Убзаджэщ! ИкъукIэ убзаджейщ! Укъыдэчэнджэщын хуэдэу фэ зытебгъауэу дыкъызэхуэпшэсами, уэ къыппэрыуэр, уи псалъэр къыбдэзымыщтэр унэхъуауэ бжы - и къупщхьэр умыгъуэзыжыну бзэхынщ... Зылъщ ящIэтыр жаIэ пэтми, зы анэ къилъхуа дыдэхэри зэщхькъым. Жьыжьэ щхьэ укIуэрэ? Зэхуеплъ мо зэкъуэшитIым - Иванрэ Юрэрэ. Юрэ щIыху зэпIэзэрытщ. Гу пщIанэщ. ГущIэгъуныщ. Губзыгъэщ... Арат дэ ди пащтыхьын хуеяр, Иван. АрщхьэкIэ...»

- Пэжыр пэжщ, ди пащтыхьышхуэ: уи унафэкIэ къашауэ аращ шэрджэс бзылъхугъэр, - къэхъуамкIэ арэзыфIэ зытригъауэу хуэму къопсалъэ Старицкэр. - Ар уи гум къыдыхьэу щытмэ, псори абы нэхъыфIу дыхуейкъым. ЩIыхубз щхьэпэлъагэщ. ЗэкIужщ. ЛъагъуэгъуэфIэщ. ЖыпIэнурамэ, уэ узэпхьыркъабзэщи, фызэхуэфащэпсщ.

Иван къыхощтыкI. И нэщхъри зэхеукIэ:

- Уэ къызэреб гъэкIуэкIымкIэ, ар плъэгъуа хуэдэщ?

- Слъэгъуащ, ди пащтыхьышхуэ.

- Дауэ ар плъагъункIэ зэрыхъуар? - гурыщхъуэм губжьыр къызэщIегъэст. - Дэнэ ар щыплъагъуар?

- Уи унафэм ипкъ иткIэ, хьэщIэхэр Юрий Васильевич сэрэ къедгъэблэгъащ. Унэм къыщIэтащ. Мис аращ щыслъагъуар. Пэжщ, гуащэр жьжьэущ зэрыслъэгъуар..., Пэжкъэ, Юрий Васильевич? - лей жиIауэ къыщыхъужри, къэшынэжащи, щыхьэт къилъыхъуэу аращ. Абы ту лъитауэ, пащтыхьри къодыхьэшх:

- Нэ бзаджэ уиIэщ, уIуплъа къудейуэ арами, узыхуейр къэплъэгъуащ. Хуэфащэ уасэри хуэпщIащ. А псом я ужьклэ сыт жыпIэн? Пащтыхь гуащэ фхуэхъуну ар? - и жьакIэ цIырхъ тIэкIум хэпэщэщыхьурэ, пащтыхьым и нэхэр щIеукъуанщIэ, щысхэр апхуэдизкIэ шынагъуэу зэпеплтыхьри, щэху цIыкIуурэ мастэпэбдз къыхаIу нэхьей, дэтхэнэ зыри къыхоскIыкI.

- Ди пащтыхьышхуэ, уэ уигу ирихьмэ, и хьэл-щэнкIэ зыкъыбдригъэкIурэ уи псэр кIэрыпщIэмэ, сыт ар дэ дигу щIримыхьынурри пащтыхь гуащэ щIытхуэмыхъунури? Уэ езым плъэгъуакIэ ар? Сыт къыждекIуэн абы теухуауэ?

- СлъэгъуакIэ слъэгъуащ. Жьжьэущ. ПщхьэгъубжэмкIэ сыныдэплъу зэрыслъэгъуам теумыщIыхьауэ, гуащэр гъунэгъуу зззгъэлъагъун хуейщ. Сыт хуэдизу и дахагъыу, и бжьыфIагъыу къызыщхъуами, - пащтыхьыр и пащIэкIэ къыщIогуфIыкI, - нэфми дэгуми тщIэркъым. КъызэрыдэдэIуэн, дызэрызэхищIыкIын акъыл иIэу тхъэм къыщIигъэкI...

Пащтыхь Иван, и къуэпхэри щIыгъуу, щIохьэ Гуащэнэ и пэшым. «ЩхьэгъубжэмкIэ сныдэплъу уэхъуэрыстыщхъуам нэхърэ унэхъ дахэжщ», - нэкIэ ешх абы бзылъхугъэ тхъэIухудыр. Еплъ пэтми, зыщигъэщIыркъым. Нэмысрэ акъылрэ зыхэлъу ягъэса пщащэ укIытэхым и щхьэр къыхуэIэтыркъым. И нэкIущхьитIым мафIэ бзийр щопщIыпщI. ХьэкIэкхъуэкIэм къагъащта бжьом хуэдэу, и Iэнкъльэпкъ псор мэкIэзыIа. ИтIанэ, псэ хэмытыж щыкIэу, мэж. Игури къэувыIауэ къыпщыхъунщ.

УкIытэ зиIэ бзылъхугъэм и дахагъэр тIуащIэ мэхъу зэрыжаIэр абы и дежь щыпэрылъагъущ. Дахэщ. Егъэлеяуэ дахэщ. И къабзагъэр-щэ! Гъатхэ пщэдджыжь гуакIуэм ещхьщ, - йогупсыс щауэ. И Iан. - Абы сыт хуэдэ пащтыхь гуащэ къыхэкIыну? Ар ди къэралыгъуэпхуэм и пащтыхь гуащэ хъун папщIэ, сэри слъэкI къэзгъэнэнкъым...»

Гуащэнэ и нэбжьыцхэр пщIащхъуэ дамэу хольэт. И щхьэри зэрехьэхащ. Езыр гупсысэм кърахьэкI: «Гъуни нэзи зимыIэу жыхуаIэ къэралым и пащтыхьыр мыращ. Ныбжьышхуи иIэ хуэдэкъым. Къудэдокъуэ нэхъэ нэхъыжьыну къыщIэкIынкъым... Ди тхьэ, гуэныхь къыслщмыщI мыпхуэдэ цIыхуэцIыхуэцIэр къыслIыхъурэ пэткIэ, Къудэдокъуэ сигу къызэрызгъэкIыххар... Тобэ, тобэ, уэ сыпшэрэ пащтыхь гуащэ сыхъумэ... Абы щыгъуи си адэ-анэр згъэукIытэнкъым. Уэри укIытэгъуэ уизгъэхуэнкъым. Къабзэлъабзэу сыпхуещытынщ. Си напэр зытесхыжьынкъым... Пэжщ, уэ птеухуауэ хъыбар Iэджи зэрахьэ. УгкIийуэ, угущIэгъуншэу жаIэ. Ауэ, щхьэгъуэсэ сыщхуэхъумэ, сэ нэхъ ту щаби нэхъ гущIэгъуныи усщIынщ. Ди тхьэ, уи гущIэгъуэ сыслъымыи, уи губжьыр къыслъымыгъэс, ауэ, сощIэ, мыбы и щхьэгъусэ сыхъумэ, си динри схъужьэн хуей хъунущ. Уэзрызакъуэри, дунейри цIыхуу хъуари къызэрыбгъащIари пэжщ. Псоми хуитыр уэращи, уи гущIэгъур къыслъыгъэс. Сыкъэхъуэмэ. Сыщумыгъауэ...» Абдеж щыт щIалэщIэм епIлъэрэ, пащтыхьыр и пащIэкIэ къыщIогуфIыкI. Ар хэтми сыт и къалэнми ищIэ пэтми:

- УтемыплъэкъуэкIыу апхуэдизу узыхуэсакъыу пхъумэ хъыджэбзыр уи сыт? Уи цIэри узейри хэт? - жиIэу щIыщIэупщIэр щымыбзэ хуэра пэшыр кынгъэупыжьын папщIэщ.

- Си анэ шыпхъуэ ар, - къопсалъэ щIалэр. - Си цIэр Сэхьид-Болатщ. Си адэр уэ Къасым хъану бгъэувА Бекболэтщ, ди пащтыхьышхуэ, - урысыбзэр къыIуролъалъ Сэхьид-Болат.

- УщIалэ ахъыбрэманщ! - къыпогуфIыкI пащтыхьыр.

И шыпхъуэ и къуэм и псэлъэкIэри жэуап къызэрит щIыкIэри зигу ирихьа Гуащэнэ щIалэм и щхьэм гуапэу Iэ делъэ.

- Уи анэ дэлъху Михаил хуэдэу урысыдзэм ухэту къулыкъу пщIэнтэкъэ?

- Ахьей сщIэнт, ди пащтыхьышхуэ! Апхуэдэ дзыхь къыслхуэпщIмэ, ар сэркIэ щIыхь ин хъунт. Ауэ, ахэр абыкIэ арэзы зэрыхъунym шэч хэмылъми, япэ щIыкIэ си адэ-анэм сеупщIын хуейщ.

Пащтыхьым а пщыхьэщхьэ дыдэм зыхуеГъазэ Гуащэнэ и дэлъху Думэныкъуэ.

- Уи шыпхъум хуэфащэу сыкъэплъытэмэ, ар щхьэгъусэ сщIынут, Думэныкъуэ, - зэпIэзэрыту кърегъажьэ пащтыхьым. Думэныкъуи, хабзэ хэлъу, зэрыщIыху гъэсар къиГъэлъагъуэу, къопсалъэ:

- Ди, пащтыхьышхуэ, Гуащэнэ щхьэгъусэ щIымэ, абыкIэ си пщIэр пIэтыр си шыпхъум и закъуэкъым - адыгэу хъуам, ди хэку псом ялъхъыдуIщ и щIыхьыIхуэр.

- Араш-тIэ, Думэныкъкъуэ, дэ унагъуэкIэ зэблагъэу дызэбгъэдоувэри, ди лъэпкъхэри къэралыгъуэкIэ зэблагъэ, зэпыщIа мэхъу. А псоми фIы къытхудэкIуэнущ: нэхъ лъэщи дыхъунурэ ди лъэри нэхъ быдэу увынущ.

А пщыхьэщхьэ дыдэм Мэзкуу и уэрамхэми и унэхэми хъыбарышхуэ щоIу: «Урысейм и пащтыхьышхуэм фыз къеша! КIищэр щэрджэсэм ящыщщ. Къэбэрдеипщ Темрыкъуэ ипхъущ...»

- Урысей къэралыгъуэм нэхъ Iущ дыдэу ис лIищым си унафэр къзыщыздаIыгъкIэ, сэ сыщIэгъэзвэжьн щыIэкъым. Ауэ, щхьэгъубжэмкIэ сыдэплъу зэрыслъэгъуам теумыщIыхьауэ, гуащэр гъунэгъуу ззэгъэлъагъун хуейщ. Сыт хуэдиз и дахагъыу, и бжьыфIагъыу къызыщхъуами, - пащтыхьр и пащIэкIэ къыщIогуфIыкI, - нэфми дэгуми тщIэркъым. КъызэрыдэдэIуэн, дызэрызэхищIыкIын акъыл иIэу тхъэм къыщIигъэкI...

Пащтыхь Иван, и къуэпхэри щIыгъуу, щIохьэ Гуащэнэ и пэшым. «ЩхьэгъубжэмкIэ сныдэплъу уэхъэрыстыщхъуам нэхърэ унэхъ дахэжщ», - нэкIэ ешх абы бзылъхугъэ тхъэIухудыр. Еплъ пэтми, зыщигъэщIыркъым. Нэмысрэ акъылрэ зыхэлъу ягъэса пщащэ укIытэхым и щхьэр къыхуэIэтыркъым. И нэкIущхьитIым мафIэ бзийр щопщIыпщI. ХьэкIэкхъуэкIэм къагъащта бжьом хуэдэу, и Iэнкъльэпкъ псор мэкIэзыIа. ИтIанэ, псэ хэмытыж щыкIэу, мэж. Игури къэувыIауэ къыпщыхъунщ.

УкIытэ зиIэ бзылъхугъэм и дахагъэр тIуащIэ мэхъу зэрыжаIэр абы и дежь щыпэрылъагъущ. Дахэщ. Егъэлеяуэ дахэщ. И къабзагъэр-щэ! Гъатхэ пщэдджыжь гуакIуэм ещхьщ, - йогупсыс щауэ. И Iан. - Абы сыт хуэдэ пащтыхь гуащэ къыхэкIыну? Ар ди къэралыгъуэпхуэм и пащтыхь гуащэ хъун папщIэ, сэри слъэкI къэзгъэнэнкъым...»

Гуащэнэ и нэбжьыцхэр пщIащхъуэ дамэу хольэт. И щхьэри зэрехьэхащ. Езыр гупсысэм кърахьэкI: «Гъуни нэзи зимыIэу жыхуаIэ къэралым и пащтыхьыр мыращ. Ныбжьышхуи иIэ хуэдэкъым. Къудэдокъуэ нэхъэ нэхъыжьыну къыщIэкIынкъым... Ди тхьэ, гуэныхь къыслщмыщI мыпхуэдэ цIыхуэцIыхуэцIэр къыслIыхъурэ пэткIэ, Къудэдокъуэ сигу къызэрызгъэкIыххар... Тобэ, тобэ, уэ сыпшэрэ пащтыхь гуащэ сыхъумэ... Абы щыгъуи си адэ-анэр згъэукIытэнкъым. Уэри укIытэгъуэ уизгъэхуэнкъым. Къабзэлъабзэу сыпхуещытынщ. Си напэр зытесхыжьынкъым... Пэжщ, уэ птеухуауэ хъыбар Iэджи зэрахьэ. УгкIийуэ, угущIэгъуншэу жаIэ. Ауэ, щхьэгъусэ сыщхуэхъумэ, сэ нэхъ ту щаби нэхъ гущIэгъуныи усщIынщ. Ди тхьэ, уи гущIэгъуэ сыслъымыгъэс, ауэ, сощIэ, мыбы и щхьэгъусэ сыхъумэ, си динри схъужьэн хуей хъунущ. Уэзрызакъуэри, дунейри цIыхуу хъуари къызэрыбгъащIари пэжщ. Псоми хуитыр уэращи, уи гущIэгъур къыслъыгъэс. Сыкъэхъуэмэ. Сыщумыгъауэ...» Абдеж щыт щIалэщIэм епIлъэрэ, пащтыхьыр и пащIэкIэ къыщIогуфIыкI. Ар хэтми сыт и къалэнми ищIэ пэтми:

- УтемыплъэкъуэкIыу апхуэдизу узыхуэсакъыу пхъумэ хъыджэбзыр уи сыт? Уи цIэри узейри хэт? - жиIэу щIыщIэупщIэр щымыбзэ хуэра пэшыр кынгъэупыжьын папщIэщ.

- Си анэ шыпхъуэ ар, - къопсалъэ щIалэр. - Си цIэр Сэхьид-Болатщ. Си адэр уэ Къасым хъану бгъэувА Бекболэтщ, ди пащтыхьышхуэ, - урысыбзэр къыIуролъалъ Сэхьид-Болат.

- УщIалэ ахъыбрэманщ! - къыпогуфIыкI пащтыхьыр.

И шыпхъуэ и къуэм и псэлъэкIэри жэуап къызэрит щIыкIэри зигу ирихьа Гуащэнэ щIалэм и щхьэм гуапэу Iэ делъэ.

- Уи анэ дэлъху Михаил хуэдэу урысыдзэм ухэту къулыкъу пщIэнтэкъэ?

- Ахьей сщIэнт, ди пащтыхьышхуэ! Апхуэдэ дзыхь къыслхуэпщIмэ, ар сэркIэ щIыхь ин хъунт. Ауэ, ахэр абыкIэ арэзы зэрыхъунym шэч хэмылъми, япэ щIыкIэ си адэ-анэм сеупщIын хуейщ.

Пащтыхьым а пщыхьэщхьэ дыдэм зыхуеГъазэ Гуащэнэ и дэлъху Думэныкъуэ.

- Уи шыпхъум хуэфащэу сыкъэплъытэмэ, ар щхьэгъусэ сщIынут, Думэныкъуэ, - зэпIэзэрыту кърегъажьэ пащтыхьым. Думэныкъуи, хабзэ хэлъу, зэрыщIыху гъэсар къиГъэлъагъуэу, къопсалъэ:

- Ди, пащтыхьышхуэ, Гуащэнэ щхьэгъусэ щIымэ, абыкIэ си пщIэр пIэтыр си шыпхъум и закъуэкъым - адыгэу хъуам, ди хэку псом ялъхъыдуIщ и щIыхьыIхуэр.

- Араш-тIэ, Думэныкъкъуэ, дэ унагъуэкIэ зэблагъэу дызэбгъэдоувэри, ди лъэпкъхэри къэралыгъуэкIэ зэблагъэ, зэпыщIа мэхъу. А псоми фIы къытхудэкIуэнущ: нэхъ лъэщи дыхъунурэ ди лъэри нэхъ быдэу увынущ.

А пщыхьэщхьэ дыдэм Мэзкуу и уэрамхэми и унэхэми хъыбарышхуэ щоIу: «Урысейм и пащтыхьышхуэм фыз къеша! КIищэр щэрджэсэм ящыщщ. Къэбэрдеипщ Темрыкъуэ ипхъущ...»

Къэбэрдей пщы уэлий Идар Темрыкъуэ (1502 - 1571 гъгъ.).

Урыс пащтыхь гуащэ, Къэбэрдей пщы уэлий Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ (Мария - 1544 - 1569 гъгъ.).

Мальхъэдис махуэм

● ЖыIэгъуэхэр

Дызыщымыгъуазэр гъунапкъэншэщ

♦ЩIалэ ягъэIущ щхьэкIэ, лIыжь яущийрэ?
♦ЩIэныгъэ зимыIэр нэф пэлъытэщ.
♦ЩIыIубыр нэфми, здэкIуэр елъагъу.
♦ЯпэкIэ кIуэ псоми здэкIуэмрэ щIэкIуэмрэ ящIэркъым.
♦Iэпхъуалъэм вы иригъэтIысхьэну хэтщ.
♦IэфракIэр благъэ щхьэкIэ уедзэкъэжыфыркъым.
♦Iуданэми вы егъэлъэпэрапэ.
♦Уи гъащIэр нэхъ Iей пщIынумэ, уи Iуэхухэр пщэдей хьы.
♦Уи вакъэр псыф хъуами, уи гур къигуфIыкIыу дзапэ уэрэд къипшмэ, мис аращ гъатхэр къихьащ жыхуаIэр.
♦Дэ гъащIэм хэтщIыкIым къэухь иIэщ, ауэ дызыщымыгъуазэр гъунапкъэншэщ.
♦Зи дзэлыфэр зытIа аслъэныр къысхуогуфIэ жыпIэу убгъэдэмыхьэ.
♦Бжьыр тепхми, выр выуэ къонэж.
♦Бжьыхьэм къуитырщ щIымахуэм Iэнэм телъынур.

КIУАНТIЭ Iэзид.

● Псалъэжьхэр

Нэпсейм и Iэ фIоIэбэрабэ

- ●ФIымыщIэ е Iуатэщ.
- ●Гукъеуэншэ пшэрыгъуафIэщ.
- ●Зи щхьэр къабзэ, зи гур бзаджэ.
- ●ЗыхуэмышыIэ пщтырафэщ.
- ●И псалъэр мылым хуэдэщ.
- ●Къэрабгъэм и уэрэдыр зэчырым хуешэж.
- ●Нэпсейм и Iэ фIоIэбэрабэ.
- ●Псыкъуий мастэкIэ къетI.

● ДжэгукIэхэр

Топ ежьэ

Пхъэидзэ ящI е езыр-езыру зэгурoIуэри пащтыхь хах. Ар лъэныкъуэкIэ мэтIыс. Мыдрейхэм топым гъуэ цIыкIу къыхуратхъу, хуэфIу и някъуэм нэс илъын хуэдэу, уепхъуа нэужьи гупсэхуу къыпIэрыхьэн хуэдэу. Топыр абы иралъхьэри езыхэм ар къаувыхьыж хъурейуэ, я Iэхэр топым хуэшияуэ, Iэмрэ топымрэ лъэбакъуитI хуэдиз я зэхуакуу. Джэгухэм щыщ дэтхэнэ зыри поплъэ и цIэр пащтыхьым къриIуэмэ, топыр къищтэу и джэгуэгъухэм ящыщ зым еуэну - къиуIэну; е нэгъуэщIым и цIэ иpaIуэмэ, топыр зытримыгъэхуэн папщIэ, щIэпхъуэну.

Топыр зытехуар, къаyIap, пащтыхьым и пIэ йоувэри, адрейр джэгум хоувэ.

Апхуэдэурэ яужэгъуху джэгур йокIуэкI.

● Фэ фщIэрэ?

[illegible]

Щхьэубатэ - хуабжьу щIигъатхъэу мыхьэнэ зимыIэм куэдрэ тепсэлъыхьын зи хьэл.

Щlагъуэщl - псапэ, Iуэхуфl зыщlэ, сэбэп хъу.

ЩIакIэ - хьэцэпэцэр щаIуэкIэ е щакIыщтэкIэ къыхэкI нэхъ Iейхэр.

Щlамыщкъий - псыгъуэ, махэ, къаруушэ.

ЩIанэ - щIы щхьэфэм къытеува гъавэхэкI къэкIыгъэ.

ЩIапщэ - къыпыщэщыжауэ жыг щIагъым щIэлъ тхьэмпэ, пщIащэ.

ЩIафэ - щынэ мылъхуэсым къытраха фэ.

ЩIафэчий - лы, кхъуей тралъхьэрэ ягъэгъу жьэгу уэнжакъым и кIуэцIым щыкIэращIэ чий цIыкIу.

ЩIэмыщхъуэж - къикIуэт зимыIэж, еш зымыщIэ.

ЩIэтхъумэ - кIакхъур щIэмычын щхьэкIэ иIэ къэухь.

Щыкъуэ - щыпIэ дэгу, щыпIэ жыжьэ.

Iэбыж - ипэкIэ, хьэцэпэцэр гъубжэкIэ къахыу щыщытам, Iэблэр имыфыщIын щхьэкIэ, зэрахьэу щыта щыгъыныгъуэ.

Iэжбыж - адыгэ цIыхухъу бгырыпхым ехьэлIа дыжьынхэкI (быж, мет, мывопцIэ с.ху.) псори къызэщIиубыдэу зэреджэ псалъэ.

Iэмгуапэ - кIыщ жьэгу.

«Кавказ» псалъэр къызэрыхъуам еджагъэшхуэ зыбжанэ тепсэлъыхьащ. Ауэ, сэ къызэрысфIэщIымкIэ, «мис мыращ пэжыр» жаIэу нобэр къыздэсым зы Iуэху еплъыкIэм траубыдакъым. Сэри тхьэ щысIуэжыркъым мы зи гугъу сщIынум пебдзыхын щымыIэу. Ар илъэс куэд зи ныбжь IуэрыIуэтэж хъыбарщ. Сэ къысфIощI ар мылъабжьэншэу...

"Кавказ" псалъэр къызэрежьар

ЛIЭЩIЫГЪУЭ блэкIам и 70 гъэхэм и пэщIэдзэм, егъэджакIуэ Iэзэу щыта Жылау Нурбий мыгъуэм сэрэ дызыщалъхуа къуажэжьым и тхыдэр зэхуэхьэсыжыным делэжьырт. Жылэм и къекIуэкIыкIам нэхъ щыгъуазэу къэтлъытэ лIыжь-фызыжьхэм дахуэзэрт, хъыбархэр зэхуэтхьэсыжырт. А зэманым сэ нэхъ сыпкърыупщIыхьырт си анэм и адэ Бырс Шыхьбан Хьэцу и къуэм. Шыхьбан дунейм ехыжащ 1982 гъэм и мэлыжьыхьым. И ныбжьыр илъэси 107-м нэсауэ. Абы и адэшхуэ Бырс Заурей ящыщт 1830 гъэм ХьэтIохъущыкъуей Ищхъэрэм къыдэIэпхъукIа, Зеикъуэ къызытепщIыкIыжа унагъуэ 13-м. Шыхьбан щIалэщIэу щIидзэри, лIыжь дыдэ хъуху гъукIэу къуажэм дэсащ. Лъэпщ ещхьу гуащIафIэу, лэжьакIуэшхуэу, цIыху пэжу, гурыхуэу, зыхузэфIэмыкIым зыщIигъакъуэу, фади, тутыни зыIуимылъхьэу къэгъуэгурыкIуащ. И нэкIэ имылъэгъуарэ зэхимыхарэ къыбжиIэнутэкъым.

Шыхьбант япэу вым нал щIэзылъхьар. Мэз кIуауэ, мызэ-мытIэу и нэкIэ илъэгъуат Къэзанокъуэ Жэбагъы щыпсэуа щIыпIэм щыхухасауэ щыта сыныр (ар XIX лIэщIыгъуэм и кIэуххэм Налшык щыхасэжащ). Апхуэдэу 1909 гъэм фокIадэм и 1-м щIын яуха ХьэтIохъущокъуэ Алджэрий и мывэ унэшхуэм и блынхэр зэраупса Iэмэпсымэхэр яхуэзыгъэжану щытар Бырсырт. ХьэтIохъущокъуэ зэшхэм гъукIэр фIыуэ къалъагъут, езыри абыхэм я кIуэгъужэгъут.

Бырс Хьэцу и бынхэр зи пщIэнтIэпс хьэлэлкIэ псэуа, куэд къэзыгъэщIа цIыху гъуэзэджэхэт, зэкъуэшхэм я нэхъыщIэ Анзор Социалист ГуащIэдэкIым и ЛIыхъужь хъуат.

...Илъэгъуахэм, зэхихахэм тепсэлъыхьыжыныр фIэмыфIыщэми, сэ сыкъимыгъэщIэхъумэ нэхъ къиштэу къыщIэкIынти, Зеикъуэ щIыналъэм узыщрихьэлIэ, езыр нэхъ зыщыгъуазэ фIэщыгъэцIэ зыбжанэм я гугъу къысхуищIа нэужь, сызыпэмыплъа упщIэ къызитащ Шыхьбан:

- Уэ пщIэрэ ди щIыпIэм «Кавказ» щIыфIащар?

Пэжу, «Кавказ» псалъэр къызытекIам теухуауэ сэ тхыгъэ гуэрхэм седжа пэтми, а цIэр щIыфIащар «шэч хэмылъу мыращ» жысIэу сытепсэлъыхьыфынутэкъым. ЛIыжьым псынщIэу къыгурыIуат къызэрызэупщIамкIэ сызэрыIэнкуныр икIи мы хъыбарыр къысхуиIуэтэжащ.

Шыхьбан зэрыжиIэжамкIэ, мыр къыщыхъуар XIX лIэщIыгъуэм и кIэуххэрт. Гъатхэт. Жэщым щIыр щтырт, махуэм къэвыжырт. И гъэсэныр хъарзынэу и IэщIагъэм хэзэгъати, гъукIэ нэ хъыжьыр и унагъуэкIэ Iуэху пIэщIэгъуэ къылъыкъуэкIмэ, кIыщым къыщымыкIуэ щыIэт. А махуэм Шыхьбан и закъуэу лъащэрт. Шэджагъуэ нэблэгъауэ, шу мыцIыху гуэр пщIантIэм къыдыхьащ. Дыгъэ зрагъэууэ, уэршэру кIыщ гупэм щылъ пхъэ ентIырышхуэм тес лIыжьхэм ябгъэдыхьэри, гуапэу сэлам ярихащ, ящIэупщIащ. ИтIанэ Шыхьбан бгъэдыхьэри и шым щIэлъ зы нал зэрыкъутар жриIащ. ХьэщIэм и лъэIур нэхъ псынщIэу зэфIигъэкIын мурадкIэ, гъукIэм шэрхъ зэригъэпэщыжыр лъэныкъуэкIэ щригъэкIуэтэкIым, лIым идакъым:

- Уи Iуэху никъуэщIэр зэфIэгъэкI, - жиIэри.

АдэкIэ гъунэгъуу къэплъагъу Хьэрэкхъуэрэ бгыжьым еплъурэ, хьэщIэм гу лъитащ:

- Ярэби, мо бгы щыгум тет мывэжьитIыр хьэмрэ кхъуэмрэ зэрещхь. Аращ «Хьэрэкхъуэрэ» щIыфIащари... Губзыгъэщ ди адыгэхэр. Былымыр зейм емыщхьмэ, хьэрэмщ жыхуаIэм хуэдэу, щIыналъэм кIэрымылъ цIэуэ фIащыркъым.

...Еплъыт мы ди щIыпIэм! Нышэдибэ зэщIэщтхьауэ щытати, мис иджы щIыр къэвыжащ, хуабэщ, арщхьэкIэ аргуэру пщэдей уэс къесынкIэ хъунущ.

Абдежым шу гъуэгурыкIуэм игу къигъэкIыжащ Кавказ фIэщыгъэцIэр къызэрежьа щIыкIэм теухуауэ езым зэхихар. ХьэщIэр щыщIыкIуам, хъыбар куэд зыщIэ лIыжь губзыгъэ гуэрым къиIуэтэжат ар. Нэхъ жыжьэ къикIауэ адыгэхэм ямылъэпкъэгъу хьэщIэ гуэр къахуэкIуэт. Я Iуэху зытет, я щIыпIэр зыхуэдэм щыщIэупщIэм, дунейр гъатхэпэти, къыжраIат «къэвкъесщ». «Къэвкъес»-р и гум ириубыда е итха, ар щыкIуэжам здэщыIамкIэ къыщеупщIым, «Къэвкъес»-м сыщыIащ яжриIащ. Зы жьэм жьэдэкIыр жьыщэм жьэдохьэр жыхуаIэрати, «къэвкъес» псалъэм гъуэгу игъуэтащ - нэгъуэщIыпIэхэм щызэлъащIысащ. «Къэвкъес» псалъэр нэгъуэщIыбзэкIэ щатхым, дауи, «Кавказ» ящIауэ къыщIэкIынщ.

ЛIым ныбжь хъарзынэ зэриIэр фэуэ тетт, ар Iэдэбт, зэрымыпцIыIуэпцIышэри и нэгум къищырт. И Iуэху зэфIэкIа нэужь, яхуеблэгъэни идакъым, зы шху шынакъ ефэри ежьэжащ.

Зи нал къута лIым «Кавказ» псалъэр къызэрежьам ехьэлIауэ зэхихауэ къиIуэтэжар пэжу гугъэ уагъэщI а Iуэхум нэхъ кууэ щыгъуазэ зыпщIмэ. Псом япэу гу лъытапхъэщ цIэр нэхъыбэу фIэзыщар езы щIыпIэм щыпсэу е щыпсэуа цIыхухэр зэрыарам. Ауэ щыхъукIэ нэхъ пасэм Кавказым нэхъыбэу исар адыгэхэрщ. Шэч зыхэмылъыжращи, нэгъуэщI лъэпкъ къакIуэу ди щIыпIэм цIэ фIищакъым, ар къыщежьар адыгэм ди дежщ. КIэщIу жыпIэмэ, Кавказ псалъэм и купщIэмрэ (бзэ и лъэныкъуэкIэ зэщхьэщыкIыныгъэ мащIэ игъуэтами), - «Къэвкъесыр» къызэрежьауэ къэнэжащ, щIыпIэр зыхуэдэм нэрылъагъуу щыхьэт техъуэу.

Мы тхыгъэм къыщызгъэлъэгъуахэм ящыщу сэ зыри къэзгупсысакъым. Хуэзгъэфащэурэ, гъэхэр зэхэслъхьэжати, «Кавказ» псалъэр къызэрежьам теухуа хъыбарыр япэу къэзыIуэтэжам зэрызэхихрэ зы лIэщIыгъуэкъым дэкIар. Абыи зыкъомкIэ IуэрыIуэтэжым и лъабжьэр егъэбыдэ.

АБЫТIЭ Хьэжмурат.
Зеикъуэ къуажэ.

● Гъуазджэ

Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артисткэ, къэфакIуэ цIэрыIуэ Шэру Соня илъэс 20-м щIигъукIэ "Кабардинкэ" къэрал ансамблыр игъэдэхащ. Къармэхьэблэ щыщ адыгэ пщащэм тращIыкIащ Къэбэрдейр Урысейм зэрыхыхьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и щIыхькIэ Налшык щагъэува фэеплъ сыныр.

Сурэтыр 1957 гъэм трахащ.

● Адыгэ шхыныгъуэхэр

Хьэлывэ жьэнфэн дагъу

Жьэнфэныр зэрыщыту псы къэкъуалъэм халъхьэри, дакъикъи 10 - 15-кIэ ягъавэ. Къыхахыжри, цIыкIу-цIыкIуу зэпаупщI щэ, бжьын хэлъу яхьэж. Абы зэрафIэфIкIэ шыгъу, шыбжий хадзэри, жьэпхъалъэкIэ ягъажьэ. Тхьэвыр Iыхьэ-Iыхьэу зэпаупщI. Зэрызыххэу яху, и Iувагъыр зыхуейм хуэдизу. Абы жьэнфэныр далъхьэ. Хьэлывэ хьэзыр хъуар дагъэ къэплъа зэрыт шыуанкIэ ягъажьэ. ДуховкэкIи бгъажьэ хъунущ. Хьэзыр хъуа хьэлывэм и щIыIум мащIэу шатэ щахуэ. Хьэлывэр пщтыру Iэнэм тралъхьэ.

Шхыныгъуэр щащIкIэ халъхьэр:
мэл жьэнфэным хуэзэу щэуэ грамми 150-200, бжьынышхьи 3-4; шыгъурэ шыбжийрэ зэрафIэфIкIэ.

«Адыгэ шхынхэр» тхылъым къитхыжащ.

● Нэщэнэхэр

[illegible]

❖Гъэрэ щIырэ щызэхэкI махуэм къешх-къес щыIэмэ, гъэр бэв хъунущ.
❖Джэдур арджэным епIэстхъмэ, хьэщIэ къэкIуэнущ.
❖ ПцIащхъуэхэр лъахъшэу лъатэмэ, уэлбанэ хъунущ.
❖Къуаргъхэр гуп-гупурэ гъуэгум тесмэ, щIыIэр къэсащ.
❖ ПщыхьэщхьэхуегъэзэкIыу адакъэр Iуэну фIыкъым.
❖Тхьэгъэлэдж уи унэ щIэсыну, къыщыджэну фIыщ.
❖ Узыншагъэ, насып къыдэкIуэну къалъытэрти, унэщIэ ящIам и щIыхьэпIэм шым къыщIахыжа нал храгъэубыдэрт.
❖Накъыгъэм щIым зигъэнщIу уэшх тIэу къешхмэ, гъавэр бэв мэхъу.

Нэщэнэхэр дигу къэзыгъэкIыжар
ТХЬЭЛЫДЖОКЪУЭ ЛатIифщ.
Альтуд къуажэ.

● ГушыIэ

Зы пэж закъуэ

Хьэблэ гуэр щыIэт, жаIэ, дэсыр зэрыгъэсэжауэ, пцIы яупс фIэкIа пэж къыбжезыIэфын яхэмыту. Абы и хъыбар яхэмыIуэу къэнакъым цIыхум. А гъэщIэгъуэныр щызэхихым, «Уэлэхьи, сэ абы зы пэж гуэр къапызмыхауэ сымыувыIэн!» - жиIэри кIуат абы я деж щIалэ гуэр.

«Пэжу пIэрэ цIыхум жаIэр, - егупсысырт ар. - Пэж жызыIэ щызмыгъуэтыну ара а щIыпIэм?»

Хьэблэм дэсыр къызэхуэсати, яхэупщIыхьащ, мыпхуэдэ Iуэху зэхэзгъэкIыну сыкъэкIуащи, пэжыр къызжефIэ, жиIэри.

- Уэлэхьи, тщIэмкIэ дыбдэгуэшэнмэ, - жеIэри я нэхъыжьыIуэр къоув.

ЛIыжь цIыкIум хужыIэр жиIэри, иджы уэ уи чэзущ, къригъэкIыу, къыбгъэдэтым хуеплъэкIащ. Адрейми зимыгъэгувэу абы къыпищащ, ещанэми, еплIанэми... епщIанэми зыгуэр кърагъэкIуэкI. ХьэщIэм и фIэщ хъун гуэри къыхэкIыртэкъым, шыпсэм хуэдэт зэхих псори. ЖиIэнур имыщIэу яхэплъэрт ар къызэхуэсахэм. Гупым я нэхъыщIэр къопсалъэ:

- Уэлэхьи, ди хьэщIэ лъапIэ, уэ пэж лъыхъуэ укъежьауэ арамэ, ди деж апхуэдэ щумыгъуэтыну. Зэман умыгъэкIуэду, кIуэи нэгъуэщI щIыпIэ щылъыхъуэ а уи пэжым.

- Уэ къызжепIам нэхъ пэж сыхуэмызэнкIэ тхьэ соIуэ! - жиIэри хьэблэ пцIыупсым я хьэщIэр ежьэжащ. Ар арэзыт: Тхьэ иIуар игъэпэжат - къапихат пцIыупс хьэблэм пэж.

НЭХУЩХьэжпагуэ.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **1.** Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, тхакIуэ, драматург. **6.** Адыгэхэр Египетым зэреджэ. **7.** Былымбыху и щхьэгъусэ, Тотрэш и адэ. **9.** Адыгэ хабзэм ипкъ иткIэ пщы, уэркъ унагъуэхэм къахэкIауэ атэлыкъым игъасэ сабий. **12.** КIыщокъуэ Алим и пьесэ. **13** КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал музыкэ театрым и уэрэджыIакIуэ. **14.** КъурIэным фIэкIа ислъамым теухуа нэгъуэщI тхылъхэр хьэкъ зыщымыхъу. **19.** Сосрыкъуэу ди къан, Сосрыкъуэу ди нэху, зи ... дыщафэ. **21.** Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ куей, къалэ. **22.** Нэхъыжьхэм къащIэхъуа ныбжьыщIэ, щIалэгъуалэ. **23.** Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, тхакIуэ, публицист, критик. **24.** Дунейр щыуэфI, щымыщIыIэ, гум щыфIэфI. **27.** Нэхъыбэу Африкэм щыпсэу цIыху фIыцIэ. **29.** Осетие Ипщэми Ингуш Республикэми щIыхь зиIэ и артисткэ, адыгэ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ. **30.** Милицэм хэта уэрэдус цIэрыIуэ. **31.** 1835 - 1931 гъэхэм псэуа тырку маршал адыгэлI. **34** КIуащ БетIал и поэмэ. **36.** Къэбэрдей-Балъкъэрми Къэрэшей-Шэрджэсми щIыхь зиIэ я артист, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал музыкэ театрым и уэрэджыIакIуэ. **37.** Урысейм и ГъущI Жор орденым и нагъыщэ псори зрата адыгэлI. **38.** Къэбэрдей-Балъкъэрым щежэх псы.

Къехыу: **2.** ХэIэтыкIауэ щыта зиусхьэн лъэпкъ. **3.** Дыхьэшхэн, щIэнэкIалъэ. **4.** Налшык ирашу Москва Ут Плъыжьым Кремль блыным декIуэкIыу щыхаса жыг лъэпкъ. **5.** Фэ Iув гъэтэджа. **8.** УзэлъэIу къэгъани, ... къашэ. **10.** Прохладнэ куейм щыIэ къуажэ. **11.** Шортэн Аскэрбий и пьесэ. **15** Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артист, адыгэ драмтеатрым и джэгуакIуэ, теленэтынхэр езыгъэкIуэкI. **16.** Къанж и адэ нарт гъукIэ Iэзэ. **17.** Урысей Федерацэм гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат, композитор. **18** Къэхъуа, екIуэкIа гуэрым теухуа литературэ тхыгъэ мыин. **20.** АдакъэщIэрэ ... пIастэрэ. **21.** Адыгэхэр Дон зэреджэ. **25.** Дудар Хьэутий и пьесэ. **26.** Уафэм и тхьэ. **28** КъурIэныр адыгэбзэкIэ зэзыдзэкIа тхакIуэ цIэрыIуэ. **32** Тунисым и Меджлисым, Тыркум и Правительствэм я унафэщIу щыта адыгэ маршал. **33.** Франджы композитор цIэрыIуэ. **34.** Къэжэр Хьэмид и тхылъ. **35.** Адыгэш къабзэ.



Зэхэзылъхьар
УЭРЫШ Нурхьэлийщ.

Бадзэуэгъуэм и 7-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **6.** Мэсей. **7.** Пхъы. **8.** Пщагъэ. **13.** Нэгъуд. **14.** Нэд. **15.** Щыкъу. **16.** Нащэ. **17.** Тхъуэплъ. **19.** Ныбгъуэ. **20.** Бжьыхьэ. **22.** Хъуп. **24.** Гъуху. **25.** Iулъхьэ. **26.** Дыжь. **28.** ГуащIэ. **31.** Жумэрэн. **32.** Пхъэщабэ. **35** ХьэукI. **37.** Хулъэ. **38** Жасы. **39** Iуэ. **40.** Сэ. **41** ПщIащэ. **42** Сарыкъ. **45.** Къумахуэ. **48.** Куба. **50.** КIыгу. **51.** Уэм. **52** Собэ. **53.** Жызум. **54.** Гъудэ. **55.** Сэшхуэ.

Къехыу: **1.** Фэнд. **2.** Теунэ. **3.** Щхъырыб. **4.** Пщыкъуэ. **5.** Бгъэн. **9.** Iэпхъуалъэ. **10.** Къудан. **11.** Къущхьэ. **12.** ПщыхьэщIэ. **18.** Пшэ. **21.** Жьэгу. **23** Псырылъэ. **24.** Гъуанэдэс. **26.** Данэху. **27.** Жьапщэ. **29.** Аму. **30.** Нал. **33.** ЛъэгущIэуэ. **34** Псыхуабэ. **36.** КIыщ. **38.** Жэм. **42.** Согуэ. **43** Ридадэ. **44** Къауц. **46.** ПкIауэ. **47.** Амдэч. **49.** Арыкъ. **52** Сахуэ.

● Псэущхьэхэм я уэрэд

ПцIащхъуэ кIэ дыкъуакъуэ

ПцIащхъуэ кIэ дыкъуакъуэ,
Бгыкъум дыкъыздегъалъэ,
Тхылъым дыкъыздегъаджэ,
Ныджэм дыщыгъэджэгу,
Псыхьэ дызэдэгъакIуэ,
КъакIуи си Iэгум къитIысхьэ,
Си лы Iыхьэр уэзгъэшхынщ,
Уи шырхэм я Iыхьи уэстынщ,
Нанэхэ сыщыкIуэкIи
уздэсшэнщ.

КIущэ нау

Нау-наур си кIущэ,
КIущэрыкъуэр зи набдзэ,
Цыпхыдзийр зи пащIэ,
ХуэмыпIащIэу дзыгъуэм ещэ,
Гуащэ жьантIэм къыдэмыкI,
Зи кIэ цIыкIур зыгъэджэгу,
Сабий джэгур т езыгъэу,
Унэм исхэр зыгъапцIэ,
ПцIащхъуэ цIыкIухэм ялъагъу
мыхъу,
Маисащхъуэр зи лъабжьэ,
Бжьом ещхьыфэу кусабэ,
Хэт и бгъафи щыжей,
Зи нэр жану лъакъуэрыдз.
Дзыгъуэ уещэм уоплъызэ,
Зумыгъазэуи уоубыд,
Хьэм уиубыдмэ, уокIыргъ.
ЖэмыбгъэшэкIэ убзаджэщ,
Зэи ныбаджэу къыумыкIухь,
ХьэщIэ къихьэм зыкъегъащIэ!

НАЛО Заур.

Республикэм исхэм гу зылъатапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм телевиденэмрэ радиомрэ я программэхэр къэзыт и центрым хъыбар фегъащIэ: Налшык къалэм и электросетым профилактикэ лэжьыгъэхэр зэрырригъэкIуэкIынум къыхэкIыу бадзэуэгъуэм и 16-м сыхьэти 8-м щыщIэдзауэ 11-м нэсыху телевиденэмрэ радиомрэ я программэхэр къатынукъым.

Лэжьыгъэр зэрызэпыдгъэур къытхуэвгъэгъу!

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

● Прозэу тха баснэхэр

Щхьэмрэ лъакъуэхэмрэ

Щхьэм зигъэщIагъуэрт:

- Сэращ Iэпкълъэпкъым нэхъ губзыгъэ дыдэу хэтыр, нэхъ лъагэуи зызыIэтар!

Абы и жэуапу лъакъуэхэм жаIащ:

- Пэжщ, уэ угубзыгъэщ, Iэпкълъэпкъым щыщу нэхъ лъагэ дыдэри уэращ. Ауэ дэ, лъакъуэхэм, ди мыхьэнэри хыумыгъэкIуадэ, дэ укъедмыхьэкIыу щытамэ, дэнэ унэсынт уэ, сыти уи псэукIэнт?! Арaщи, щхьэ, лъагэу уIэтауэ псэу, ауэ дэри дызыщумыгъэгъупщэ.

Щхьэр, гупсысэри, абыкIэ арэзы хъуащ.

Инфарктыр здэщыIэр

Хьэр псынщIэ дыдэу зыщIыпIэкIэ жэрти, абыкIэ къикI хьэ гуэр къеупщIащ:

- Дэнэ апхуэдэу псынщIэу уздэжэр?

- Инфарктыр зылъэщIэзмыгъэхьэну си къару къызэрихькIэ сыжэу арaщ ар здэщымыIэмкIэ, - жиIащ хьэм.

Мыдрейм ар фIэгуэныхь хъуащ:

- Еууей, тхьэмыщкIэ, инфарктыр а уздэжэмкIэ щыIэмэ пщIэрэ?

Бажэм и жэуапыр

КъуажэмкIэ джэд къизых бажэм шылъэгур хуэзати, жреIэ:

- Уэ, бажэ, убзаджэщ, угубзыгъэщи, уи Iуэхур сыт щыгъуи дыбогъэкIыфыр. Урысми, жаIащи, джанэ пщыгъыу укъалъхуа хуэдэщ.

Шылъэгум жиIэм едаIуэщ, джэдыр игъэтIылъри, бажэм жиIащ:

- Пэжщ, сы сынасыпыншэ хуэдэкъым, джанэ сщыгъыу сыкъалъхуагъэнщ, ауэ ар сщаудыну сыт хуэдиз къызэщэрэ сэ, шылъэгу цIыкIу?!

Бабыщ жыIэзыфIэщ

Псы Iуфэм Iус бабыщыр бажэм къиубыдри ирихьэжьати, «Дэнэ сыздэпхьыр?» – жиIэри еупщIащ. – Уи дзэхэр къысхэбукIащи, сагъэуз.

- Умыгузавэ, бабыщ цIыкIу, жыжьэ усхынукъым, модэ мо чыцэм дызэрыхыхьэу, узутIыпщыжынущ, - жиIащ бажэм. – Си дзэхэр къыпхэсхыжынщи, утыншыжынщ.

- А чыцэм псыпцIэ иIэу пIэрэ сыхэсыну? – щIэупщIащ бабыщыр.

- ИIэщи, абы ухэзгъэсыну, бдзэжьей уезгъэщэну аракъэ ущIэсхьыр, дахэ цIыкIу.

- Хъунщ-тIэ, абы щыгъуэ нажэ нэхъ псынщIэу.

Бажэр чыцэм нэсри, бабыщым и щхьэр фIиудащ.

КЪАГЪЫРМЭС Борис.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), ГъущIо Зариф, Жыласэ Маритэ, Ныбэжь Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Шал Мухьэмэд.

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта IуэхугъуэхэмкIэ я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 42-06-51, 42-19-59.
Газетыр щэнымкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.
Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
КъБР-м Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ и полиграфкомбинат, Налшык къ., Ленинымрэ цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Лъостэн Музэ, корректорхэу ПхытIыкI Юрэ, Щоджэн Иннэ, Табыщ Динарэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ:* ГъукIэлI Рае, ЩакIуэ Мадинэ, Щомахуэ Мариаинэ, *сурэтыщI* Бицу Жаннэ.
Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 21.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 10.005 ● Заказ №2147